

## SEMINÈ – METODOLOJI RECHÈCH SOSYAL

Mark Schuller, Ph.D

Northern Illinois University / Université d'État d'Haïti

mschuller@niu.edu

Pwofesè Schuller te prepare tèks sa a pou yon seminè metodoloji rechèch li te fè nan janvyè 2012, 2013, epi 2015. Ote a ta renmen remèsye tout kòlèg ki te ede fè koreksyon tèks la. Jean-Yves Plaisir ki nan CUNY te fè yon bon travay pou korige kreyòl la. Epitou te gen 3 seyans travay avèk Ekip Rechèch nan UEH: 23 Jiyè, 27 Jiyè, epi 3 Out 2012. Apre sa a tèks la te revize pa yon seminè ki fèt nan mwa mè 2013, epi li pase pa yon seri espesyalis. Nirvah Jean-Jacques te jwe yon gwo wòl nan elaborasyon sa a.

### TAB MATYÈ

I.	Kisa rechèch sosyal yè? . . . . .	3
II.	Eleman nan rechèch sosyal yo. . . . .	5
III.	Kad rechèch. . . . .	7
	a. Sijè rechèch . . . . .	7
	b. Objektif rechèch la. . . . .	8
	c. Pwoblematik. . . . .	9
	d. Kesyon rechèch. . . . .	12
	e. Varyab. . . . .	14
	f. Ipotèz. . . . .	17
	g. Endikatè. . . . .	18
IV.	Echantiyon. . . . .	22
V.	Kèk metòd pou ranmase enfòmasyon. . . . .	28
	a. Rechèch dokimantè. . . . .	29
	b. Rechèch istorik. . . . .	30
	c. Obsèvasyon dirèk. . . . .	31
	d. Obsèvasyon patisipant. . . . .	32
	e. Entèvyou ouvè. . . . .	34
	f. Entèvyou fèmèn. . . . .	36
VI.	Analiz. . . . .	39
	a. Analiz kantitatif. . . . .	39
	b. Analiz kalitatif. . . . .	44
VII.	Annèks 1: echantiyon <i>Elabore pa Michel Acacia</i> . . . . .	46
VIII.	Annèks 2: definisyon mo klè. . . . .	51
IX.	Bibliyografi. . . . .	54

## I. KISA RECHÈH SOSYAL YE?

### **Kisa rechèch sosyal vle di? Poukisa nou fè rechèch sosyal?**

**OBJEKTIF:** Lè nou fini etidye chapit sa a, nou va dwe kapab:

- **Demontre nati ak enpòtans Rechèch sosyal**

Daprè anpil syantis sosyal oswa chèchè sosyal, nou fè rechèch sosyal pou nou rive konprann moun pi byen konprann moun: istwa, kilti, politik, relasyon ant klas, relasyon ant fanm ak gason, elatriye. Men, pou anpil syantis sosyal (kidonk: antwopològ, sosyològ, politològ, kèk sikològ tou) premye rezon an se pa pou konprann pou konprann epi sa rete la. Pou refòmile sa **Karl Marx** te ekri, nan Tèz sou Feuerbach<sup>1</sup> la, objektif rechèch se “pa sèlman pou konprann lemond, men se pou chanje l.”

Gen anpil pwoblèm sosyal. San site yo tout, gen inegalite sou tout fòm (tankou klas, ras oubyen koulè, sèks), eksklizyon, lamizè, epi pwoblèm anviwònman, elatriye. Tout pwoblèm sa yo ekziste akòz kalite sistèm moun mete sou latè a. Kidonk, pou pwoblèm sa yo ta rezoud, fòk nou chache konnen rasin yo, ki soti nan aksyon ak desizyon moun yo. Piske se moun ki kreye sistèm sa yo, nou kapab rive konprann kijan sistèm sa yo mache, ki règ yo genyen, abitud yo, estrikti yo, lojik, elatriye. Pou nou rive fè sa, fòk nou konnen kijan pou nou fè bonjan rechèch sosyal.

Se vre, nan lemond (epi nan syèl la tou) gen yon pakèt fenomèn moun pa rive kontwòle, tankou klima, solèy, lapli, chimi, tranblemanntè, elatriye. Pou nou pi byen jere byen ki genyen nan lemond— epi pou nou pwoteje tèt nou kont fenomèn natirèl yo, fòk popilasyon yo konprann fenomèn sa yo tou, epi fòk gen ase espesyalis nan domenn sa yo tou. Men pou nou pataje byen yo epi pi byen jere politik prevansyon, fòk nou fè fas kare ak kesyon sosyal yo ki parèt devan nou. Se tankou de pye: fòk nou gen toule de pou n vanse.

### **Kisa rechèch sosyal kapab fè?**

---

<sup>1</sup>MARX Karl. Tèz sou Feuerbach (1845)

Depi nan peryòd ane 1700 yo, ki te vin gen non “syèk limyè” nan peyi yo rele “peyi oksidantal yo” (tankou Etazini, Ewòp, Kanada, peyi moun rele kounye a “peyi Nò” yo), gen yon tandans pou wè moun tankou yon grenn pandye k ap viv, k ap panse, epi aji poukont li. Vizyon endividyalis sa a tounen yon veritab ideyoloji, lè moun konsidere tout inegalite ki genyen. Kouran panse sa a gen tandans pou fè kwè si yon moun ap sibi move sitiyasyon, se fòt li, swa poutèt li te pran move desizyon, swa li te mal jere lavi l. Lide sa a vin yon zouti pou fè yon malere/malerèz panse tout bagay ki rive se akòz pwoblèm lakay li. **Paolo Freire**, yon edikatè brezilyen, te kreye yon metodoloji li rele “konsyantizasyon” kote gwoup moun oprime chita pale ansanm. Yo te rive wè “sitiyasyon” y ap konfronte a kòm rezilta yon estrikti, yon “kondisyon.”

Kidonk, yon rechèch sosyal kapab chèche konnen nan ki kondisyon moun ap viv.

Epitou, yon rechèch sosyal kapab mete limyè sou kesyon kiltirèl yo tou. Dapre Matinikè **Frantz Fanon**,<sup>2</sup> youn nan rezon moun aksepte move tretman se paske lespri yodeja kolonize, konsa yo meprize tout aspè kiltirèl natifnatal: gen moun ki vle fè kwè kreyòl pa yon lang tout bon, gen lòt ki wont admèt yo sèvi lwa, elatriye. Se panse moun yo panse se Fransè / Fransèz yo ye. Se youn nan pi gwo batay fondatè Fakilte Etnoloji ak Biwo Nasyonal Etnoloji te mennen nan travay yo: *Ainsi parla l’Oncle*, zèv **Jean Price Mars**<sup>3</sup> te ekri ak *Gouverneurs de la Rosée*, youn nan zèv **Jacques Roumain**,<sup>4</sup> rete jouk jounen jodi a de nan pi gwo zouti refleksyon pou valorize kilti ayisyen an: nan pwovèb, kont krik krak, konesans medikal doktè fèy, respè pou zansèt, wòl ak enpòtans lakou epi yon pakèt lòt bagay konsa.

Yon rechèch sosyal kapab rive fè jwenn bonjan enfòmasyon ki pou enfòm aksyon sosyal oswa oryante politik sosyal. Kisa ki eksplike ke plizyè milye moun te pèdi lavi yo jou ki te 12 janvyè 2010 la? Yon moso nan pwoblèm sa a se ki kote tè a, ki chita sou plat, pral vire. Youn nan eksplikasyon fenomèn sa se plak kote tè a chita ap vire: se sa yo rele mouvman tektonik. Pou nou jwenn eksplikasyon teknik fenomèn sa, fòk nou gen ekspè nan domenn jewoloji. Men, pou nou analize fenomèn sa a pi byen, fòk nou konnen kondisyon sanitè, kay, asenisman, wout, jesyon

---

<sup>2</sup>FANON Frantz. *Peau noire, masques blancs*, 1952, rééd. Le Seuil, col. « Points », 2001

<sup>3</sup>PRICE –MARS Jn. *Ainsi parla l’oncle (essai d’ethnographie)*<sup>2</sup>. Compiègne (France): Imprimerie de Compiègne, 1928 (Rééditions: Montréal: Leméac, 1973, 1979; Port-au-Prince: Imprimeur II, 1998; Montréal, 2009).

<sup>4</sup>ROUMAIN Jacques. *Gouverneurs de la rosée*, Port-au-Prince: Imprimerie de l’État, 1944; Montréal: Mémoire d’encrier, 2004

teren, epi mòd pataj pwopriyete ki te egziste anvan fenomèn natirèl la. Yon rechèch konsa kapab pote yon seri solisyon pou amelyore kondisyon sa yo pou pwoteje moun lè yon “katastwòf” konsa rive.

Yon rechèch sosyal pa kapab di egzakteman kilè, ki kote yon lòt tranblemanntè pral rive. Men yon rechèch sosyal kapab di anpil moun kapab pèdi lavi yo depi pa gen kondisyon ekonomik ak sosyal favorab tankou: bonjan kay byen bati, wout pou sikile, kanal pou dlo kouri desann ak sistèm pou planifye yon repons.

Rechèch, se pa maji. Se pa labib non plis. Sa vle di, li pa kapab prevwa tout bagay ak presizyon. Okenn moun pa kapab esplike poukisa se li epi se pa zòt ki pèdi kay, ki pèdi manman, elatriye. Epi lòt moun gen dwa kritike l. Chak moun gen eksperyans pa l. Se konsa nap vanse.

Yon rechèch pa ka pote solisyon pou kont li: fòk li gen bonjan aplikasyon tou. Pou sa, fòk konesans la rive jwenn moun ki kapab mete li nan aksyon: oubyen moun kapab pran desizyon (yon gouvènman oswa yon gwo ajans entènasyonal) kapab mete li nan politik yap ekri, oubyen mouvman sosyal ki kapab sèvi avèk li nan mobilizasyon / sansibilizasyon.

### **Ki kalite rechèch sosyal ki genyen?**

Gen plizyè branch pwofesyon nan domèn Syans sosyal. Kèk nan gwo liy se:

- Antwopoloji -
- Sikoloji -
- Sosyoloji -
- Syans politik –

Sa ka rive de branch kwaze ansanm pou fè yon espesyalite. Sa rive nan ka Antwopoloji politik ak Sikoloji sosyal, e latrkiye.

Domèn syans sosyal la louvri tou sou yon seri lòt okipasyon moun pratike kòm pwofesyon tankou:

- Kominikasyon

- Travay Sosyal

Anplis “rechèch akademik” sou etid ak lide ki te deja brase souyon koze, gen “rechèch aplike” tou. Pa egzanp, apre evenman 12 janvyè 2010 la, yon pakèt enstitisyon ak òganizasyon te mennen ankèt prèske tout tan, tout kote, swaa sou sèvis andikape, resansman moun ki rete anba tant, rechèch sou kondisyon sanitè, elatriye. Epitou, chak gwo òganizasyon entènasyonal yo fè rapò sou rezilta aktivite yo te mennen.

Rechèch enpòtan anpil tou nan travay jounalis. Yo dwe toujou chache genyen bon jan enfòmasyon sou: Kisa? Kilè? Kiyès? Kijan? Poukisa? (Kèk fwa, kapab gen kèk kòlèg jounalis ki retire kesyon “poukisa” a).

Gen lòt chèchè ki nan domenn “imanis” yo, sa vle di literati, filozofi, kèk istòryen yo epi kèk antwopològ (ki lòt bò gen 2 pye kap kanpe nan diferan sa yo rele “epistemoloji”) ki rekonèt pa gen yon definisyon fiks sou chak tèm oswa yon konsèp. Pou chèchè imanis yo, travay rechèch yo se ta entèpretasyon epi deba sou ki sans yon konsèp genyen, ki siyifikasyon yo bay yon seri fenomèn. Pou syantis sosyal yo, li enpòtan pou sonje rechèch nap fè yo pa kapab pote tout “verite” a, men nou kapab ranmase yon seri done epi analize yo yon fason ki byen estriktire pou n kapab gen konfyans nou genyen yon lide byen klè sou yon seri fenomèn sosyal.

#### **ANN PRATIKE!**

1. *Ki diferans ki genyen ant rechèch sa yo? Ki diferans yon rechèch akademik genyen ak yon lòt, pa egzanp, yon ankèt jounalis fè oswa yon etid yon ajans entènasyonal ap mennen?*
2. *Gade alantou nou epi prezante twa fenomèn nou panse ki ta ka merite ekleraj yon rechèch sosyal.*
3. *Bay rezon ki fè nou panse yo enpòtan*

## II. ELEMEN NAN METODOLOJI RECHÈCH SOSYAL YO

**OBJEKTIF: Lè nou fin etidye chapit sa a, nou va dwe kapab:**

- **Esplike kondisyon fondamantal ki nan baz tout rechèch**
- **Idantifye kisa metodoloji vle di nan domèn rechèch**

**Kondisyon fondamantal ki nan baz tout rechèch?**

Twa prensip ki fondamantal nan yon rechèch se klate pawòl, yon metodoloji ki byen chapante ak respè prensip moral.

**Klate pawòl**

Pou fè bonjan rechèch sosyal, fòk tout bagay yo byen defini, byen detaye, epi byen ankadre. Pa egzanp, lè nou di “lamizè” oswa “enperyalis” kisa sa vle di? Yon moun gendwa wè konsèp sa yo nan yon lòt fason. Pa egzanp, mwen te fè yon seminè nan yon pwogram ki rele Inivèsite Popilè, kote youn nan gwoup ki te patisipe nan aktivite sa a te di kareman: “depi ou pa aksepte Jezikri nan kè ou, menm si ou touche konbyen milyon dola, ou nan lamizè.”

Kidonk, fòk tout konsèp: mo kle, varyab, endikatè, elatriye **operasyonalize**— fòk nou bay yon definisyon de kisa ki konsidere kòm konsèp kle pou etid sa a epi kisa ki pa ladann l. Angwo, enfòmasyon epi konklizyon kap soti nan yon ankèt dwe chita sou kalite definisyon konsèp ki nan kad rechèch la. Se tankou blòk siman; si yo pa byen fèt, se fasil pou kay la kraze. Kidonk, pou n koumanse fòk nou mete aksan sou definisyon tèm yo.

**Yon metodoloji byen chapante**

**Metodoloji** se yon sistèm total ki oryante tout rechèch. Li di poukisa nap chèche tèl tip enfòmasyon? Avèk ki metòd nou pral sèvi? Ki rapò ki genyen ant enfòmasyon n ap rive jwenn yo ak kalite kesyon n ap poze yo, elatriye.

Metodoloji gen ladan l **Kad rechèch** ki se Chemen ki pou mennen rechèch la nan rezilta n ap chèche a, ki kapab bay definisyon pou tèm sa yo: objektif rechèch la, kesyon kle rechèch la, ipotèz li, varyab yo, endikatè yo, elatriye. Yon **Metòd** se yon fason byen estriktire ki pou fè chèche a kapab rive jwenn yon seri enfòmasyon byen detèmine. Rechèch la pa fini apre w fin rasanble enfòmasyon yo: fòk ou trete yo, òganize yo epi analize yo. Gen yon pakèt jan pou w fè **Analiz**, ki makonnen avèk enfòmasyon ou rasanble nan rechèch la ansanm avèk kesyon kle ki nan rechèch la.

### **Respè prensip moral**

Anvan nou koumanse pale de rechèch, li enpòtan pou nou repete epi souliyen 2 mo sou konsiderasyon moral nan yon rechèch sosyal. Ki kalte konsiderasyon moral ki genyen nan yon rechèch sosyal? San site yo tout, genyen omwen twa domèn prensip moral nou dwe konsidere:

- Plas nou menm chèche nan rechèch la
- Prejije pou nou veye
- Reskonsablite chèche yo parapò ak moun ki nan rechèch

### **Plas nou menm chèche nan rechèch la**

Dabò, fòk nou admèt ke nou menm chèche gen yon enterè nan travay nou. Epiou nou genyen yon idantite: yon istwa, yon seri kapasite, kèk abitud, gou, estil, epi yon pwennvi. Chèche a se yon moun tout antye ki ale sou teren an. Se tout ou menm ki kreye yon imaj mantal nan lespri moun lè ou rive devan yo. Pa egzanp, sa rive lè chèche a prezante l devan yon responsab IHSI, oswa devan tèl sekretè nan yon komisarya nan yon rechèch dokimantè, swa nan yon katye popilè, yon kan, yon peristil, yon legliz, yon mache, yon gagè, yon rankont, yon bank, etsetera. Menm jan ou ap vize lòt moun yo, y ap vize w. Epi prezans ou – vle pa vle – enfliyanse sa moun fè devan w, sa yo di w, etsetera.

Sa rele **reyaktivite** vle di? Se enfliyans chèche a genyen sou rechèch la. Chèche a genyen yon obligasyon pou bese reyaktivite a, menm si li pa posib pou bloke tout nèt.

### **Wòl prejije nan rechèch la**

Kilès nan nou ki konnen yon moun ki pa gen pre-konsepsyon? (ou ka rele l tou “prejije”) sou yon gwoup moun, yon fenomèn, elatriye?” Rat pa kaka” yo pa twò renmen “grenn nan bouda.” Boujwa yo meprize ti pèp la. Pwotestan konsidere vodou se zafè “Satan.” Moun lavil fè blag sou moun andeyò poutèt jan yo pale kreyòl. Elatriye.

Èske antanke chèchè ou kapab retire tout prejije ou genyen?

Sinon, èske sa vle di ou pa kapab fè rechèch?

Antanke chèchè sosyal, fòk nou onèt avèk tèt nou. Fòk nou mete tout enterè nou, pre-konsepsyon pa nou, ideyoloji pa nou, kwayans relijye / politik pa nou, epi pèspektiv pa nou yon kote pou l kapab vizib. Fòk nou fè otokritik nou. Epi fòk nou eseye, avèk tout senserite, Veye pou prejije nou pa anpeche nou wè klè lè nou al sou teren oswa lè n a analize done. Fòk nou eseye kenbe sèvo / lespri nou louvri pou nou aprann.

### **Reskonsablite chèchè yo pa rapò ak moun ki nan rechèch la**

Chèchè a gen yon devwa obsève kèk prensip parapò ak moun ki nan rechèch la: se respè pou moun al, se obligasyon ppou l di l laverite sous a l ap fè a se pataj enfòmasyon, se respè libèt e pou moun nan deside .... Epi pwoteksyon lavi ak entiite ak diyite moun nan.

- Respè pou chak moun tout tan
- Verite
- Idantifye tèt nou – kiyès nou yè? Ki objektif rechèch la? Ki finalite rechèch la?
- Bay moun nan pouvwa pou deside si l vle patisipe nan rechèch la
- Pwoteje lòt moun yo
  - Pa mete lavi moun nan an danje
  - Kenbe konfidansyalite moun nan

Tout reyalite nan rechèch diferan, ki vle di ka gen lòt responsabilite espesyal pou gwoup moun sa yo. Nan kèk ka, se preske yon obligasyon pou pataje pen kotidyen. Nan kèk ka chèchè a wè nesite pou voye yon referans pou yon sèvis pwoteksyon legal oswa yon sikològ.



Premye ak denye a se respè. Fè kòm si chak grenn moun gen yon wòl enpòtan nan rechèch la, san patisipasyon li menm li pa posib. Paske se vre. Epi sonje se moun yo ye. Kijan ou menm ta renmen zòt ap trete w? Aji avèk moun ak menm respè ou mande pou ou menm.

### **Kisa metodoloji vle di nan domèn rechèch?**

#### **ANN PRATIKE!**

- 1. Eske nou pa ta dwe bay yon etid ka kòm egzèsis pou patisipan yo idantifye kèk mankman sou prensip oswa fè yo bay kijan pou yon chèchè ta dwe konpòtel sou terennan ka sa a pou respekte prensip ki diskite nan chapit sa a?*
- 2. Fè yo jwenn pa ki mwayen, ki demach epi ak ki enstriman yo ka al ranmase done ak enfòmasyon sou teren pou analize epi konprann fenomèn ki se baz yon kesyon rechèch.*

### **III. KAD RECHÈCH**

**OBJEKTIF: Lè nou fini ak chapit sa a, nou dwe kapab:**

- **Idantifye nan lòd tout pati nou dwe jwenn nan yon rechèch sosyal**
- **Esplike rapò chak etap yo genyen ak lòt yo**
- **Analize yon pwopozisyon sijè rechèch pou sijè rech**

Pou n koumanse, ann fè yon ti pale sou kijan nap koumanse fè yon rechèch. Lè nap bati oswa repare yon kay, anvan nou achte materyèl yo fòk yon achitèk trase yon plan pou nou. Se kad rechèch la kap ban nou yon plan pou n ka byen fè rechèch la, yon plan pou oryante nou sou kalite enfòmasyon nou bezwen. Kad rechèch la gen kèk moso ladann l:

- Sijè rechèch la
- Objektif rechèch la
- Pwoblematik
- Kesyon kle nan rechèch la
- Ipotèz yo
- Varyab yo
- Endikatè yo

Tout moso sa yo pral sèvi kòm ankadreman pou rechèch la, yo esplike tou poukisa rechèch la enpòtan, kijan lide yo sòti, epi ki kalite enfòmasyon nou pral rasanble lè rechèch la fini. Se tankou travay yon achitèk oswa yon enjenyè ki trase yon plan pou yon kay oswa nenpòt ki batiman.

## **Sijè rechèch la**

Sijè vle di kisa nap chèche konnen. Fòk sijè rechèch yo byen estriktire, epi fòk yo kapab bay oryantasyon nan rechèch yo. Yon sijè rechèch soti nan vant yon **tèm** rechèch, paske yon tèm konsène tout aspè yo alòske yon **sijè** konsène yon sèl ou byen plizyè aspè ki triye nan tout tankou pa egzanp: SIDA, kolera, MINUSTAH, 12 janvyè, oswa fenomèn ki rele “ONG” an Ayiti. Tèm sa yo twò laj pou fè yon etid sou tout aspè ki dwe ladann. Se poutèt sa a nap pran yon ti pati ki posib pou nou etidye.

Kèk **kritè** yon bonjan sijè rechèch ta dwe genyen:

- **Pètinans** – fòk li makonnen ak yon reyalite enpòtan epi li kapab enterese moun.
- **Klète** – fòk li klè, tout tèm ki parèt nan sijè a gen definisyon
- **Limite nan tan ak nan lespas** – fòk li gen yon limit, ki etap ki enterese nou nan rechèch la, sòti kilè rive kilè? oswa nan ki zòn peyi a?

Ann fè pratik:

Sou fenomèn ONG a, ki sijè nou kapab etidye? Gen yon pakèt: rezilta konkrè, tankou fonksyonman, estrikti, enpak, oryantasyon, rapò l avèk popilasyon an, ki wòl ONG yo jwe nan rann peyi a pi depandan, kijan yo ogmante lavi chè nan peyi a, epi gen anpil lòt sijè ki posib pou n fè rechèch sou yo tou.

Ann ale pi lwen toujou: pou n pran ka “wòl ONG yo nan kore depandans peyid Ayiti” kisa ki manke eklèsi? Èske tout konsèp yo defini? Èske travay la limite (pa egzanp, nan ki kote? kilè?)?

Pou pote plis detay, nou kapab di “Wòl ONG Kanadyen yo nan depandans Ayiti parapò ak ekonomi epi èd Kanadyen soti nan lane 2005 pou rive nan lane 2009.”Men li pi bon si nou sitiye ki zòn, elatriye.

## **ANN PRATIKE!**

*Ekri yon sijè rechèch. Gade pi wo pou wè kritè pou yon bonjan sije. Pataje sa a avèk yon kòlèg, epi korije l.*

### **Objektif rechèch**

Objektif yon rechèch ta dwe chita sou sijè rechèch la, epitou li ta dwe pote anplis yon finalite. Wòl yon objektif se rive jwenn enfòmasyon pou fè kisa? Kiyès ki “popilasyon sib,” vle di, se kiyès oubyen kisa rechèch la ap etidye? Kijan enfòmasyon sa yo pral itil? Kijan moun kapab sèvi avèk enfòmasyon sa yo?

Kèk kritè yon bonjan objektif rechèch ta dwe genyen:

- **Klè** – fòk tout konsèp, tout tèm gen bon sans; fòk pa gen konfizyon nan ekriti l, ni nan gramè l
- **Baz li byen chita** – fòk tout tèm gen bonjan definisyon pou esplike sak ladan l epi sak pa ladan l.
- **Limite** – fòk li gen yon limit: ki zòn? sòti kilè rive kilè?
- **Detaye** – fòk tout detay ki dwe site ladan l. Fòk pa gen okenn kesyon yon lòt moun kapab poze.
- **Posib (fezabilite)** – fòk gen yon estrateji pou fè rechèch. Fòk objektif la kapab rive atenn.

Gen plizyè kalte objektif rechèch ki valab. Pa egzanp, èske objektif rechèch la se pou re-evalye yon kouran panse, oubyen pou montre aklè limit li? Èske se pou korije yon erè ki te fèt nan yon diskou? Èske se pou mete ajou / aktyalize yon etid deka ki vin twò ansyen apre yon pakèt chanjman nan sosyete a? Pou chache yon seri solisyon pou yon tèt pwoblematik an patikilye?

Si nap toujou swiv egzans pou yon sijè rechèch, objektif rechèch sa a pral pèmèt nou ranmase yon pakèt enfòmasyon pou ede nou wè si gen yon rapò dirèk ant travay ONG Kanadyen yo nan peyi dAyiti ansanm avèk endistri Kanadyen yo.

Yon pwojè rechèch gen dwa genyen yon objektif jeneral epi yon objektif espesifik. Nan kad rechèch etidyan nan premye sik se pou jwenn yon lisans; epitou se pou fè konesans vanse nan tèt ou oswa tèt lòt. Gen kèk chèchè nan ka sa se rechèch aksyon, ki angaje popilasyon pou defini tèm ak pwoblematik ansanm avèk chèchè a. Epitou gen yon rechèch pledwari, tankou yon moun ki travay pou yon enstitisyon ki kapab fè yon seri rekòmandasyon politik piblik. Apre objektif jeneral yon rechèch kapab genyen yon objektif pi espesifik, pou ale pi lwen nan analiz pou konpreyansyon yon fenomèn byen detèmine.

Li enpòtan pou nou souliye pwen enpòtan sa a – *nou poko fè rechèch la*. Kidonk nou pa kapab denonse yon sitiasyon oswa yon dènye etid si nou poko genyen bon jan enfòmasyon nan men pou rive jwenn yon bann solisyon. Nan egzans nou te bay pi wo a, nou gendwa poze kesyon *ki wòl* ONG yo jwe nan ogmante depandans, ki se objektif rechèch la. Ann gade pi wo – sijè pa gen kesyon “ki” ladann. Men, si w di “objektif rechèch la se pou denonse wòl ONG Kanadyen yo nan ogmante depandans” peyi d Ayiti ou fè fot.

Ki fot? Nou poko gen done nan men nou ki pou ede n wè tout bon vre *si* gen yon relasyon dirèk ant travay ONG yo ak depandans peyi d Ayiti. Se rapò sa a menm nap chache konnen si l la oswa si l pa la. Depi nou pa jwenn li nan rechèch nap mennen an, nou pa kapab di anyen sou sa. Si nou koumanse fè yon rechèch konsa, nap demontre se yon demach militan nou fè olye nou fè yon demach syantifik. Epitou li mete aksan sou prejije nou genyen ki kapab fè lòt moun ki li rezilta rechèch la pèdi konfyans nan objektivite nou. Lè n ap pale sou ipotèz, n ap wè kisa moun kap fè rechèch yo ta dwe fè.

Gade menm kesyon sa a, “kijan ONG yo ogmante depandans” peyi d Ayiti? Ki feblès kesyon sa a genyen? Nou pral pale plis sou sa, lè n ap pale sou kesyon rechèch la pi devan. Men dabò li tap byen pou sitiye yon lè, yon kote, tankou depatman Sid soti 2005 rive 2009. Pou operasyonnalize objektif sila a, fòk nou defini epi byen ankadre sa n rele “depandans” – kijan, parapò ak kisa epi

kiyès? Pou fini, fòk li posib: nou pap nan sèvo tout moun ki travay nan ONG a, epitou ta ka gen diferan opinyon anndan yon ONG. Sa k posib pou etidye se rezilta konkrè yon seri aksyon, yon seri pwojè, e latrèye.

### **Pwoblematik**

Nan yon pwopozisyon rechèch li nesèsè pou ankadre yon pwoblematik. Yon pwoblematik se youn oubyen plizyè kesyon santral ke w poze ki rasin yon pwoblèm nou idantifye. Se nan pwoblematik kote pou detaye kèsyonman, epi istwa yon disiplin. Yon pwoblematik dwe bay enfòmasyon sou kijan fenomèn nan parèt? Ki rasin li? Poukisa li enpòtan pou n etidye fenomèn sa a?

Kèk kritè yon bonjan pwoblematik ta dwe genyen:

- **Pètinans** – fòk li makonnen ak yon reyalite enpòtan epi li kapab enterese moun.
- **Kesyon yo gen plas**– fòk kesyon ki soti nan pwoblematik la byen chita sou baz esplikasyon.
- **Egzistans li**– fòk nou idantifye yon ansanm fenomèn, sitiyasyon, konstataasyon, pwoblèm oswa pwoblèm ki pwovoke refleksyon epi ki mennen kesyon rechèch la.
- **Koyèrans**– fòk tout enfòmasyon ki ladan kore lòt; fòk pa gen kontradiksyon entèn nan lojik. Fòk koneksyon ant konsèp nap diskite yo byen etabli.

Yon pwoblematik sipoze esplike poukisa ou chwazi pran yon bon ti tan pou etidye fenomèn nan epi depanse kòb pou fè rechèch sa a? Jistifye enpòtans rechèch la. *Sonje – rechèch la poko fèt.* Kidonk fè atansyon sou langaj wap itilize ansanm avèk fason wap prezante pwopozisyon rechèch la.

Li enpòtan pou raple nou gen kèk diferans ant metye imanis ak syans sosyal. Nan domen imanis yo tankou literati, filozofi, ak listwa yon pwoblematik gen dwa gen pi plis eleman nan yon lòd diferan. Pa egzanzp yon etid literati gen yon lòt objektif, ki se rive jwenn yon nouvo analiz de tèks ki la deja. Kidonk yon pwoblematik dwe genyen plis detay oubyen lòt eleman ki nesèsè tankou yon revi literati. Nan nenpòt ki disiplin, li toujou bon pou konsilte lòt travay rechèch antanke yon modèl epi mande pwofesè pou oryante pwoblematik la.

## **Kèk eleman ki dwe anndan yon pwoblematik:**

- Fè le pwen – defini / rale istorik
- Sentèz – sa k ekri deja  
(Kèk moun rele sa a revi literati)
- Kesyon rechèch ki sòti

Yon pwoblematik koumanse avèk yon definisyon, yon diskisyon sou kijan refleksyon an te pran nesans, epi kijan li evolye de jou-an-jou. Se la pou site lòt etid ki te fèt deja. Kiyès ki te premye moun ki te pale sou yon tèl fenomèn? Kijan lòt chèchè te defini pwoblèm nan? Èske te gen yon kouran lòt moun te swiv? Èske te gen divèjans, oswa yon lòt kouran ki te trase?

Yon **sentèz** se yon prezantasyon kout ki ranmase konesans aktyèl nan pwoblematik: Èske gen yon tèks ki sanble pi kle, pi santral, kote tout lòt chèchè site menm tèks la? Ki denye tèks ki te ekri sou fenomèn nan? Èske gen yon nouvo seri reyalite? Rezime sak ladan tèks sa (yo). Èske genyen yon deba ant patizan 2 kouran panse?

Fòk tout dokiman ou te itilize pou fè rechèch la pale yon fason dirèk dirèk sou pwoblematik la. Èske gen deba ki te fèt sou pwoblematik la deja? Èske li pa twò frèch? Ki limit lòt etid ki te fèt sou pwoblematik la genyen? Yo pale sou fenomèn nan yon fason men li manke pale sou ki mòso ladann? Se limit sa yo oswa vid nan konesans jeneral li menm menm ki ta pi bon kote pou koumanse ak kesyon rechèch la. Si w prezante rechèch la nan fason sa a, li gen yon bon fondasyon.

Si nou ekri yon pwoblematik konsa, li pèmèt nou jwenn **kesyon rechèch**. Si gen yon deba oubyen yon nouvo reyalite ki pouse, sa deja oryante deba kote nou ap poze yon seri kesyon. An jeneral, gen 7 gwo fason pou soti avèk kesyon rechèch:

- 1) **Etid ka** – pou konprann yon kote (tankou yon bidonvil, yon seksyon kominal) oubyen yon popilasyon (pa egzanp timoun lari nan Kafou Ayewopò). Men, atansyon! Fòk ou asire ou eseye jwenn lòt etid ki ekri. Li fasil pou di pat gen anyen ki te ekri sou sa a, tandiske gen kèk ki ekri san ou pa okouran.

- 2) **Yon fenomèn ki fenk poze**—konprann enpak kolera pa egzanp, ki se yon nouvo reyalite pou popilasyon.
- 3) **Etid swivi**—sètadi, pran yon rechèch (yon atik / yon liv) ki te konkli avèk yon seri kesyon pou yon pwochen rechèch, epi fè rechèch pou reponn ak kesyon sa yo.
- 4) **Aktyalize yon rechèch**—pou mete ajou yon etid ki te fèt depi byen lontan (pa egzanp, Casimir oubyen Georges Anglade). Èske popilasyon / kominote / reyalite yo toujou rete menm, oubyen apre kèk lane fenomèn nan te chanje?
- 5) **Teste yon teyori nan yon nouvo chan oubyen popilasyon**—pran yon etid (yon liv) ki tèlman frape w, ki soti avèk kèk konklizyon oubyen teyori, epi ale nan yon lòt popilasyon pou wè si teyori a ka esplike fenomèn nan. Èske reyalite yo sanble? Oubyen èske reyalite sou lòt teren egzije yon nouvo teyori?
- 6) **Angaje yon deba**—gen anpil kouran (pa egzanp, Maksis, fonksyonalis, pòs-estriktiralis) ki eseye esplike yon fenomèn. Oubyen 2 ote angaje yon deba (pa egzanp, Janil Lwijis ak Sauveur Pierre Etienne). Ki enfòmasyon ki ta nesèse pou rezoud deba a? Se sa k pral gide rechèch w.
- 7) **Makonnen kèk kouran**—nan tout kouran, gen kèk fòs ak feblès. Chak kouran vize yon seri reyalite. Men, èske li ta bon pou makonnen youn ak lòt, pou youn kapab konble vid nan lòt? Pa egzanp, pou konprann reyalite kan apre 12 janvyè èske ou kapab sèvi ak yon analiz ki alafwa mete limyè sou fason moun yo konbat lamizè avèk yon analiz kijan eksklizyon sosyal ap repodwi inegalite pou peze moun, pou limite chwa yo genyen? Yon analiz alafwa Maksis epi fonksyonalis?

Pèmèt kèk ti konsèy:

- Se yon kout je. Pou tèz la, fòk li tou detaye. Men nan yon pwopozisyon rechèch, youn-de paragraf ki byen sitiye pwoblematik la kapab sifi.
- Kisa ki te pouse w etidye fenomèn sa a? Èske se paske ou te fèt nan bidonvil ki fè pwoblematik sa a enterese w? Èske se yon fenomèn moun ap diskite nan radyo koulye a? Èske se yon pwoblematik ou te rankontre nan yon lekti ou te fè oswa nan yon lòt rechèch ou te fè?

- Si gen enfòmasyon ki deja pare, ou ta dwe di yo nan pwopozisyon rechèch la. Sa demontre w deja gen tan ap panse sou pwoblematik la epitou ou gen tan pare pou koumanse rechèch la.

Pou ekri yon ti egzanzp yon rezime nan pwoblematik:

Gen yon pakèt pawòl sou zafè ONG jounen jodi a. Vle pa vle, se ONG ki resevwa plis kòb nan men pi gwo bayè fon entènasyonal. Depi ane 80 yo (apre depa Duvalier, ki se menm tan Minis Finans Leslie Delatour te enplante sistèm ekonomik neyoliberal la), moun ap konstate yon ogmantasyon nan kantite ONG kap travay nan peyi a. Nan tèz metriz li nan DSD (Fakilte Etnoloji) Sauveur Pierre Etienne<sup>5</sup> te kalifye ogmantasyon sa a yon “envazyon.” Men nan pifò chapit nan tèks li (ke CRESFED te pibliye nan 1997), Etienne te sèvi ak yon modèl ki soti nan yon pi ansyen liv, piblikasyon GRAMIR<sup>6</sup> (Gwoup Rechèch ak Apui Milye Riral) (1989) ki divize ONG yo an 4 gwoup: 2 kategori ki ogmante depandans epi 2 ki eseye fè devlopman lokal. Nan yon lòt kote, depi nan tèz li nan lane 1993, Janil Lwijis<sup>7</sup> tap fè yon analiz pi radikal. Li te etidye ONG ki rele tèt yo pwogresis, epi li montre kijan menm ONG sa yo enplante sistèm kapitalis la nan mitan kominote riral yo. Kidonk, pou li, kritik Etienne pat rive ase lwen lè l resevwa 2 tip “bon” ONG ki fè devlopman lokal yo.

Kiyès ki gen analiz pi korèk? Sitou apre 12 janvyè li fasil pou wè yon pakèt gwo ONG depanse anpil lajan, sitou nan domèn imanite nan kan pou deplase yo: bay dlo, manje, e latriye. Menm Etienne ta rekòtè sityasyon sa a se depandans. Men nou konnen reyalyte andeyò pa menm jan. Menm Etienne te denonse fason ONG Etazinyen vin yon filyè gouvènman Etazinyen. Men Etienne epi kèk lòt moun wè ONG ki soti Ewòp oswa Kanada yo yon lòt jan. Epi etap jis avan 12 janvyè te reprezante yon pwogrè nan devlopman nan peyi a.

---

<sup>5</sup> Sauveur Pierre Etienne. Invasion des ONG, CRESFED, 1997; Élités politiques, État et rapports transnationaux de pouvoir en Haïti (1697-2004), juin 2005.

<sup>6</sup>Alliette Mathurin; Ernst Mathurin; Bernard Zaugg; Groupe de recherche et d’appui au milieu rural (GRAMIR; Implantation et impact des ONG (Haïti), Collection Recherches en développement, 1989.

<sup>7</sup>Lwijis, Janil (Louis-Juste Jean Anile). Entè OPD: Kalfou Pwojè. Pòtoprens: Imprimeur II, 1993. ONG: Ki Gouvènman Ou Yè? Pòtoprens: ASID, 2009.



Kidonk pou rantre nan deba a, li tap bon pou etidye enpak ONG riral jis avan 12 janvye nan kominote yo. Lap pi bon toujou pou pran yon swadizan pwogresis, ki soti nan yon lòt peyi pase Etazini, tankou Kanada. Etienne tap kalifye òganizasyon sa a pami 2 “bon” ONG, malgre Lwijis ap toujou konsidere ONG sa a kòm yon zouti pou enplante sistèm kapitalis la nan zòn riral yo.

Aprè tout sa a nou rive jwenn yon kesyon rechèch ki chita sou enpak travay ONG Kanadyen nan tèl zòn riral soti 2005 rive 2009 sou nivo depandans parapò ak endistri ak pwodwi Kanadyen.

### **ANN PRATIKE!**

*Ki estrateji nan 7 nou site pi wo yo kapab pi itil ou? Ekri chapant pwoblematik sou youn nan sijè rechèch nou chwazi.*

### **KISA YON “KESYON RECHÈCH” YE?**

Kesyon rechèch se yon kesyon nou ta dwe reponn nan yon fason dirèk. Fòk kesyon rechèch la byen klè devan je tout moun kap li pwopozisyon rechèch la, byen detaye, li byen limite, epi fòk tout konsèp ki ladann yo byen defini. Fòk nou kapab idantifye tèm ki ladann ak kisa ki pa ladann. Bay yon definisyon egzak pou chak tèm pou kapab sèvi avè yo nan kad rechèch la, menmsi lòt moun gendwa wè menm konsèp la nan yon lòt fason.

Kèk kritè yon bonjan kesyon rechèch ta dwe genyen:

- **Pètinans** – fòk li makonnen ak yon reyalyte enpòtan epi li kapab enterese moun.
- **Klè** – fòk tout tèm ki ladan klè, pa ka gen konfizyon nan fason nou itilize yo
- **Limite** – fòk li gen yon limit: ki zòn, ki popilasyon sib, sòti kilè rive kilè?
- **Detaye** – fòk tout detay ki dwe site ladann. Fòk pa gen okenn kesyon yon lòt moun kapab poze.
- **Posib (fezabilite)** – fòk gen yon estrateji pou mennen rechèch la. Fòk objektif la kapab rive atenn.
- **Byen fòmile** (Li pa dwe gen yon fòm moun ka reponn tousuit pa wi oswa non )

**Egzanp:**

Sonje kote nou te rive avèk egzanp la. Sijè a se te: Wòl ONG Kanadyen yo jwe nan depandans peyi d Ayiti parapò ak ekonomi peyi a epi èd Kanadyen soti nan lane 2005 pou rive nan lane 2009? Depi ou mete mo “Ki” nan fraz la, sa vle di ou ba l fòm yon kesyon rechèch: li vin “ki wòl ONG Kanadyen yo jwe nan depandans peyi d Ayiti parapò ak ekonomi peyi a...”

Pou nou poze kesyon rechèch la, fòk nou ale pi lwen. Avantou, fòk tout tèm nap itilize yo gen bon sans. Ki mo ki ta merite detaye nan kesyon rechèch la?

Pou mwen, mo “wòl” ak “depandans” kapab pote yon seri konfizyon. Dabò, mo yo gen yon pakèt konsèp ki dèyè yo. Pa egzanp, lè nou di “wòl” – kisa ki vrè objektif rechèch la? Èske nou plis entere nan rezilta aksyon konkrè ONG yo te bay nan peyi a? Ki travay yap fè nan peyi a? Mòd fonksyonman yo? Ki relasyon yo kreye sou teren an? Ki rezilta yo te anvizaje epi Ki konsekans segondè tou prezans yo oswa aksyon yo pote? Piske konsèp la kache dèyè yon bann reyalite, lòt chèchè ka bay lòt definisyon pou li. Epitou fò nou gade sans mo “wòl” la tou. Se kòm si ou pral di se objektif ONG a li menm menm pou l mete peyi d Ayiti sou depandans lòt peyi etranje. Epoutan si w gade nan sitwèb ONG yo, nan rapò yo gen pou yo bay sou travay yo fè nan peyi d Ayiti, nan tout diskou yo tou, tèl ONG vin ann Ayiti pou kreye kondisyon pou relanse ekonomi peyi a, oswa yo vin bay kout men nan zafè yo rele asistans teknik, pou ede popilasyon an reyalize yon pakèt travay byen defini, tankou: wout, fontèn dlo oswa sitèn pou yon kominote, elatriye. Dapre moun kap travay pou ONG yo, sa se “wòl” ONG yo.

Ou gendwa kritike yon moun oswa yon gwoup moun pou rezilta travay yo fè oswa sou konsekans travay yo genyen. Men nou menm pa ka konnen sa kap pase nan tèt lòt moun yo, pou n ta ka konnen entansyon yo. Dayè, yon bon entansyon pa vle di yon bon travay pral sòti. Demach sa a sòti nan syans men li vin politik, li vin tankou yon gagè.

Li posib se bayè fon yo, tankou gouvènman Kanadyen an, ki gen enterè nan travay ONG yo ap finanse a. Daprè yon lòt gwoup chèchè ki gen tan fè etid sou ONG yo ann Ayiti (tankou **Sauveur Pierre Etienne** ak **Janil Lwijis**), ONG yo vin tounen *zouti* pou pwoteje enterè peyi etranje parapò ak enterè peyi d Ayiti. Men li posib tou pou popilasyon nan yon kominote kapab sèvi ak ONG yo tou pou fè yon bann travay tou, depi popilasyon an kapab patisipe nan desizyon kap

pran epi ONG yo gen sa nou rele "otonomi" (ki gen 2 sans: li granmoun tèt li – sa vle di ONG a responsab pou pran desizyon pou kont li – epitou se grès kochon an ki kwit kochon an – sa vle di se avèk pwòp mwayen pa yo ONG yo rive fè travay la. Dezyèm sans mo "otonomi an" ra anpil.)

Pou retounen nan kesyon pi wo a, si w koumanse yon rechèch ak yon kesyon ki gen tan oryante repons w ap chèche a, sa vle ...di kesyon an deja defòm ak prejije oswa pre-konsepsyon. Se nòminal: tout moun gen prejije. Li difisil osnon enposib pou nou rankontre ak moun ki pa gen sa antwopològ yo rele "vizyon du monn" pa yo ki kreye yon imaj konplèt lè gen kèk grenn pyès ki sou tab nan yon jwèt pasyans. Men antanke chèchè, fòk nou eseye idantifye tandans nou yo oswa prejije nou genyen parapò ak yon pwoblematik epi fè efò pou mete tandans nou yo akote lè nap fè rechèch. Fòk nou ouvè lespri nou pou nou ka aprann. Jan nou te di anvan an, lè nou t ap pale de respè prensip moral ki gen plas yo nan fè rechèch.

Pote kole ak dènye pwen sa a, pou nou fini ak kritik sou mo "wòl" la, depi nou mande "ki wòl" se tankou nou gentan fè yon konklizyon epoutan se kesyon sa a menm menm ki enpòtan pou n analize nan rechèch la. Pito n mande, "èske travay ONG yo jwe yon wòl...". Men kesyon sa a manke presizyon toujou nan fason nou poze la.

Se menm jan avèk tout lòt konsèp ki genyen nan kesyon rechèch la. Fòk nou bay definisyon pou tout tèm ki nan kesyon rechèch la. Fòk nou di kisa ki kapab ladann, epi kisa ki pap ladann tou. Li pi bon si lòt chèchè anvan nou te gen tan bay yon definisyon sou yon konsèp. Men fò nou raple nou, definisyon makonnen ak politik: gade kijan leta ayisyen defini mo "ONG" a, parapò ak fason USAID, Nasyonzini, Bank Mondyal, Bill Clinton, elatriye itilize mo sa a. Daprè kèk rapò ki soti sou peyi d Ayiti, gen 10,000 ONG kap travay nan peyi a jounen jodi a. Nou ka pran yon lòt egzanp sou "vyolans kap fèt sou fanm." Se yon tèm ki gen anpil definisyon tou. Gen moun ki pa vle rekonèt mank lavi entim lè yon jenn fi 13 zan ap benyen san rad sou li devan je nenpòt kiyès nan yon kan antanke vyolans.

Aprè anpil refleksyon / kritik sou tout tèm nou itilize nan rechèch la epi ki relasyon ki genyen ant tèm sa yo, nou kapab re-fòmile kesyon rechèch la. Pa egzanp:

*Ki konsekans pwojè, demach, epi relasyon ak popilasyon ONG Kanadyen yo kap travay nan Depatman Sid la sòti nan lane 2005 pou rive nan lane 2009 genyen sou nivo depandans popilasyon an parapò ak pwodwi agrikòl epi endistri teknoloji Kanadyen an?*

Kesyon sa a pi pa gen patipri “neutre” (sa vle di li pa gen prejije) epi li pi detaye pase premye kesyon nou te poze pi wo a. Kidonk, li se yon pi bon fondasyon pou n bati kay la, ki se etid la.

Lè nou fin ekri kesyon sa a, souliye tout konsèp ki enteresan ladann. Apre sa, fòk nou defini tout tèm nan kad etid sa a. Si nou kapab site yon definisyon lòt chèchè te bay pou menm tèm sa a, sa ka pèmèt nou mete kanpe yon fondasyon pi solid. Apre nou fin detaye tout konsèp santral yo nan kesyon rechèch la, nou pare pou nou konsidere yo kòm “varyab.”

#### **ANN PRATIKE!**

*Ekri kesyon rechèch ou a. Gade pi wo pou wè kritè pou yon bonjan sijè. Pataje sa a avèk yon kòlèg, epi korije l. Souliyen tout konsèp ki enteresan epi bay yon definisyon tèm yo.*

#### **KISA YON “VARYAB” YE?**

Dabò yon varyab se yon konsèp ki kapab gen plizyè repons, kategori, oswa valè. Li ka ni kalitatif ni kantitatif, pa egzanp, *pèsepsyon popilasyon nan Gran Ravin genyen sou MINUSTAH nan jiyè 2005* oubyen *relasyon fanm ak gason nan kan Kriswa apre douz janvyè*. Nan toude ka li pa nesèsè pou fè chif, men si ou vle ou kapab fòmile kesyon pou jwenn chif.

#### **Varyab kalitatif**

Yo rele varyab kalitatif varyab nominal. Se paske diferans ant kategori varyab yo, se yon diferans nominal; pa gen gradasyon sòt nan yon kategori rive nan yon lòt. Nou ka pran plizyè egzanp.

Annou pran sèks. Sèks gen de (2) kategori: Fi / Gason. Pa gen diferans nivo ant fi ak gason; se senpleman de (2) moun de sèks diferan. Pa gen yon moun ki gen plis sèks pase yon lòt! Menm

jan tou pou yon varyab tankou estati matrimonyal. Gen moun ki marye, plase, gen selibatè, gen divòse, ets., men pa gen youn nan kategori sa yo ki gen plis estati matrimonyal pase yon lòt.

### **Varyab kantitatif**

Si diferans ant kategori yon varyab kalitatif se yon diferans nominal, pou yon varyab kantitatif diferans lan se yon diferans degre osnon nivo. Nou ka pran varyab tankou edikasyon, revni, kantite timoun. Gen moun ki gen plis (mwens) edikasyon, osnon revni, osnon timoun. Men se pa tout. Gen plizyè tip varyab kantitatif: varyab òdinal, varyab entèval, varyab pwopòsyonèl.

### **Varyab òdinal**

Yon varyab òdinal, se yon varyab kote kategori yo gen yon diferans nivo ki pa mezirab avèk presizyon. Pèfòmans akademik ak prejije se de (2) ekzanp varyab òdinal. Gen moun ki gen yon pèfòmans akademik pi byen pase lòt, men chèchè a pa ka mezire ak presizyon eka k ekziste ant kategori yo. Pa gen anyen ki di yon etidyan ki gen mwayèn katreven (80) de (2) fwa pi fò pase yon lòt ki gen mwayèn karant (40). Menm bagay pou prejije. Nou ka konnen yon group gen plis prejije pase yon lòt, men nou pap ka mezire eka ant mwayèn prejije de (2) group yo.

### **Varyab entèval**

Varyab entèval la ofri plis posibilite ke varyab òdinal ou nominal. Varyab entèval pèmèt chèchè a mezire espas ki genyen ant kategori varyab yo yon jan pou l fè sans

Kèk kritè yon bonjan varyab ta dwe genyen:

- **Klète**– fòk tout tèm ki ladan k kle. Fòk pa gen konfizyon nan fason nou itilize yo
- **Limite** – fòk li gen yon limit: ki zòn, ki popilasyon sib, sòti kilè rive kilè?
- **Detaye** – fòk tout detay ki dwe site parèt ladan l. Fòk pa gen okenn kesyon yon lòt moun kapab poze.
- **Posib (fezabilite)** – fòk li posib pou mezire, kidonk, fòk gen enfòmasyon ki kapab kalifye varyab – fòk nou kapab kreye sa ki rele “endikatè.”

Nan egzanzp nou te bay piwo a, gen yon pakèt varyab, tankou: rezilta pwojè, mòd fonksyonman, relasyon ak popilasyon, nivo depandans parapò ak pwodwi agrikòl, nivo depandans parapò ak endistri teknoloji kanadyen yo. Sa vle di, se konsèp sa yo pou nou chache genyen bonjan done sou yo.

Nan lis varyab sa a, nou remake pa gen ONG Kanadyen yo ladann. Li kapab vin yon varyab tou, depi gen plizyè ONG Kanadyen kap travay nan tèl zòn, epi depi ONG sa yo gen pwòp politik pa yo oubyen relasyon ak kominote a ki ka varye oswa pran yon lòt fòm, konsèp sa a ka vin yon varyab tou.

Ki relasyon ki genyen lè ou analize tout varyab yo ansanm? Nou kapab re-ekri kesyon rechèch la san nou pa mansyone konsèp sa yo. Pou repete kesyon rechèch la:

*Ki konsekans pwojè, demach, epi relasyon ak popilasyon ONG Kanadyen yo kap travay nan Depatman Sid la sòti nan lane 2005 pou rive nan lane 2009 genyen sou nivo depandans popilasyon an parapò ak pwodwi agrikòl epi endistri teknoloji Kanadyen an?*

Nan kesyon sa a, kisa ki varyab?

*A = pwojè ONG Kanadyen yo (kap travay nan Depatman Sid la sòti nan lane 2005 pou rive nan lane 2009)*

*AN = demach ONG Kanadyen yo*

*B = relasyon ak popilasyon ONG Kanadyen yo*

*CH = nivo depandans popilasyon an parapò ak pwodwi agrikòl Kanadyen*

*D = nivo depandans popilasyon an parapò ak endistri teknoloji Kanadyen*

Nou kapab re-fòmile kesyon sa a konsa, pou ranplase varyab espesifik avèk yon senbòl:

*Ki konsekans A, AN, epi B sou nivo CH epi D?*

Konsa nap reflechi byen ki relasyon ant varyab sa yo? Ki vèb pou nou ka itilize pou n fè sa pi byen:

Èske Varyab A **oryante/ ogmante/ enfliyanse/ kreye/ gen enpak** (lòt vèb posib tou) sou D?

Brase lide avèk konsèp yo, jwe avèk yo jiskaske w rive jwenn relasyon ant konsèp yo pou ka rive ekri yon kesyon espesifik osnon rive jwenn sa nou rele yon “ipotèz,”ki se yon repons pwovizwa yon kesyon rechèch (nap esplike konsèp sa a pi devan). Kounye a nou prè pou n klasifye varyab sa yo. Gen 2 kalite varyab:

**1. Varyab Endepandan** – Valè varyab sa a kapab afekte / enfliyanse lòt varyab. Kidonk, li gen yon rapò dirèk ak lòt varyab sa yo. Kèk bon egzanp se klas oswa kouch sosyal, moun lavil ak pwovens, relijyon, sèks, laj, elatriye. Nan kesyon rechèch sila a, nan fason nou fòmile kesyon rechèch la nou ap wè varyab A, AN, epi B vin tounen varyab endepandan. Sa vle di, rezilta pwojè a, mòd fonksyonman ONG yo, relasyon ONG yo ak popilasyon an ka vin tounen varyab endepandan.

**2. Varyab Depandan** – Valè varyab sa a ap chanje nan an fonksyon de varyab endepandan yo. Sa vle di, moun ki soti nan chak gwoup kapab gen yon valè diferan. Pa egzanp, to gwosès adolesan bese parapò ak nivo edikasyon yon jèn fi oswa paran li. Pou site yon lòt egzanp, moun ki soti nan klas mwayen gen lòt priyorite pou devlope peyi a pase malerèz /malere. E latrkiye.

Nan menm egzanp sa yo, se varyab CH ak D ki depandan. Ki vle di, varyasyon nan valè varyab yo pral depann sou varyasyon ki genyen nan varyab A jiska B. Pou n di menm bagay sa a nan lòt fason, nou ka di se A ki ogmante D. Varyab depandan yo vin tounen: nivo depandans parapò ak pwodwi agrikòl Kanadyen yo, nivo depandans parapò ak endistri teknoloji Kanadyen yo.

Kounye a nou pre pou n poze ipotèz yo.

**ANN PRATIKE!**

*Nan kesyon rechèch ki korije, soulinye varyab yo. Defini yo A... Z. Refòmile kesyon an nan chema fòmil swiv egzanp: Ki konsekans A, AN, epi B sou nivo CH epi D? Apre sa a, defini kisa ki depanndan epi kisa ki endepandan.*

## **KISA YON “IPOTÈZ” YE?**

Yon “ipotèz” se yon repons pwovizwa sou kesyon rechèch la. Se yon pwopozisyon pou rechèch la. Anfèt, se li ki sipoze dirije rechèch la.

Kèk kritè yon bonjan ipotèz ta dwe genyen:

- **Klète** – fòk tout tèm ki ladan kle, pa ka gen konfizyon nan fason nou itilize yo.
- **Limite** – fòk li gen yon limit: ki zòn, ki popilasyon sib, sòti kilè rive kilè?
- **Detaye** – fòk tout detay ki dwe site ladan. Fòk pa gen okenn kesyon yon lòt moun kapab poze.
- **Byen fòmile** – fòk li nan yon repons kesyon. Fòk li gen varyab ladan, epi fòk li se yon fraz konplèt ki deklarativ. Si gen varyab endepandan se li ki gen enpak sou varyab depanndan.
- **Lojik** – fòk gen yon lojik ki makonnen nan yon fason dirèk varyab depanndan ak varyab endepandan. Fòk li pa gen konfizyon oubyen yon lòt eleman ki konfonn varyab endepandan an.

Anvan nou avanse twò lwen, fòk nou di gen yon seri rechèch ki pa dwe gen sa yo rele ipotèz: etid de ka pa dwe genyen. Pa egzanp, depi kesyon rechèch la se *ki kondisyon sanitè aktyèl nan Gran Ravin?* nou pa bezwen kreye yon ipotèz paske kesyon rechèch sa a rete kesyon **deskriptif**, ki gen valè pou kont li. Li enpòtan pou gen bonjan enfòmasyon sou fenomèn sa a.

Pa egzanp, youn nan ipotèz ki posib nan kesyon rechèch pi wo se:

Mòd fonksyonman pwojè ONG Kanadyen nan Depatman Sid nan lane 2005-2009 ogmante nivo depanndan parapò ak pwodwi agrikòl Kanadyen nan.



Kisa nap fè ak yon ipotèz?

Dapre syantis depi **Aristote**<sup>8</sup>, yon rechèch syantifik ap eseye dezapwouve yon ipotèz. Yon chèche ki onèt ta dwe eseye jwenn lekonnè parapò ak lide sa a (ipotèz la) li te genyen. Nan ranmase enfòmasyon, si ipotèz la rete pi bon fason pou esplike yon fenomèn avèk tout enfòmasyon sa yo, li kap verifye. Men, yon moun kap fè rechèch ta dwe toujou chèche enfòmasyon ki kapab rejete ipotèz la, toujou ap chèche yon lòt ipotèz ki kapab reponn ak tout enfòmasyon ki ou te ranmase a.

Pa egzant depi ipotèz pam se: *se move kondisyon sanitè epi move konpòtman ijènrik ayisyen ki lakòz kolera vin an Ayiti*, epi si sèl enfòmasyon mwen rive ranmase nan rechèch se pou bay prèv ke ipotèz pam ki korèk, mwen kapab jwenn enfòmasyon sa yo. Epi si se sèl enfòmasyon sa a, mwen kapab di ipotèz pam korèk. Yon chèchè ki onèt dwe chache lòt done ki pou *anile* oswa *konplike* ipotèz la.

Demach syantifik se eseye anile ipotèz yo. Sa k toujou rete se sa k esplike fenomèn nan pi byen.

Pa egzant nan ka kolera, ipotèz ki toujou rete kanpe – ki kapab ranmase tout done nou genyen – se twoup Nepal nan baz MINUSTAH bò Mibalè ki sous kolera. Yon syantis dwe admèt li toujou rete yon ipotèz, men se sèl ipotèz ki toujou rete.

Men demen kapab gen yon lòt seri done ki byen òganize epi li rive apre yon rechèch ki nan bon kalite ki mete dout sou ipotèz sa a. Kidonk, demen nou kapab kontinye deba. Se konsa konesans la ap vanse. Se konsa nap pi byen konprann yon tèt fenomèn.

**Ki enfòmasyon nou ta bezwen pou reponn ak kesyon sa yo / verifye ipotèz pa nou?**

Ki lòt seri ipotèz kapab esplike fenomèn sa a? Ki prèv nou dwe genyen pou evalye ki ipotèz ki pi itil pou esplike fenomèn sa?

---

<sup>8</sup>Aristote, philosophe grec né en 384 av. J.-C. à Stagire, en Macédoine, et mort en 322 av. J.-C. à Chalcis, en Eubée

Ki enfòmasyon sou baz ou genyen? Èske ou gen tout nou ta dwe site? Sinon, premye faz dwe rete rechèch rasin nan oswa baz la, yon rechèch “eksploratwa” (an franse, *exploratoire*). Pap gen pwoblèm pou rechèch la rete rechèch baz si pa gen okenn enfòmasyon sou fenomèn sa a ditou. Se tankou rechèch jounalis. Yon senp kesyon, kisa ki te fèt, se tankou rechèch jounalis tou. Yon rechèch akademik eseye eksplike fenomèn yo... kisa ki lakòz yon fenomèn? Ki enpak fenomèn nan genyen? E latriye.

### **ANN PRATIKE!**

*Ekri yon bonjan ipotèz. Asire li reponn ak kritè ki site pi wo yo. Pataje sa a pou kòlèg w. Soulinye varyab ladan l. Reflech sou ki enfòmasyon w ta bezwen.*

### **ENDIKATÈ**

Etap ki pi enpòtan nan tout travay yon pwojè rechèch se ekri, defini, epi byen detaye sa ki rele “endikatè.” Poukisa? Se endikatè ki pou mezire varyab yo, ki pral verifye ipotèz yo. Se endikatè yo menm menm nap chache enfòmasyon nan yon pwojè rechèch. Se endikatè ki vin done pou ranmase epi analize. Kidonk, nou mèt bourike pase pye nou nan tout kwen nan peyi a pou plis pase 2zan epi jwenn anpil done ki ranpli nenpòt 100 kaye, men depi nou pa gen bonjan endikatè, tout enfòmasyon nou genyen pa itil nou. Se endikatè ki makonnen enfòmasyon nou jwenn ak kesyon rechèch epi ipotèz.

Ki sa yon endikatè ye? Endikatè se siy prezans yon varyab. Se endikatè a ki pèmèt nou idantifye epi evalye varyab la. Yon endikatè gendwa kantitatif oswa kalitatif.

Kèk kritè yon bonjan endikatè ta dwe genyen:

- **Klète** – fòk tout tèm ki ladan kle, pa ka gen konfizyon nan fason nou itilize yo
- **Limite** – fòk li gen yon limit: ki zòn, ki popilasyon sib, sòti kilè rive kilè?
- **Detaye** – fòk tout detay ki dwe site ladan. Fòk pa gen okenn kesyon yon lòt moun kapab poze.
- **Operasyonalize** – fòk tout konsèp gen definisyon, ki lye nan yon fason dirèk ak yon seri enfòmasyon ki pèmèt nou evalye endikatè

- **Pre pou mezire** – fòk gen enfòmasyon ki disponib, epi fòk endikatè a byen detèmine pou dirije ki enfòmasyon nou bezwen
- **Posib** – fòk nou gen akse nan yon fason oubyen yon lòt pou rive jwenn enfòmasyon nou bezwen

Pa egzanp, ta ka gen yon pakèt definisyon sou “devlopman dirab.” Fòk nou operasyonalize l. Pou kèk rechèch, devlopman dirab vle di yon amelyorasyon yon seri kondisyon lavi ki stab, ki pral toujou rete apre kèk lane. Nan kad travay rechèch sa a, nou vize ledikasyon, poutèt se lekòl ki fòme epi prepare yon nouvo jenerasyon. Nan kad rechèch, ankadre kisa ka ladann varyab sa a, kisa ki pa konsène nou, epi kijan nou pral mezire fenomèn sa a? Ki endikatè nou kapab fòmile? Pa egzanp, men youn nan endikatè: *Kantite lekòl ki repara nan Fònasyon al apre 12 janvyè.*

Endikatè a pral oryante rechèch: al jwenn bonjan enfòmasyon ki pou rive konstate yon chif: konbyen lekòl te repara? Men, si se chif sa a sèlman ki genyen, ki feblès sa a pral genyen?

Si pat genyen lekòl ki te kraze nan goudougoudou nan zòn sa a, pat dwe gen lekòl ki repara. Kidonk, endikatè sila egzije nou genyen omwens 2 endikatè toujou: konbyen lekòl ki te genyen anvan 12 janvyè? Konbyen ladann te andomaje?

Epitou nou toujou kapab ale pi lwen: lè nou di “dirab” sa pa sipoze sèlman chita sou reparasyon. Pou aksyon sa a kapab “dirab” li ta sipoze ranfòse estrikti lekòl pou l kapab fè fas ak yon lòt sekous ki kapab pètèt rive nan lavni a.

Toujou nan definisyon “dirab” nou kapab mande si pwofese ki fè kou nan lekòl yo gen materyèl, yo gen bonjan fòmasyon nan men yo pou l pa depann de èd nan men blan.

Kidonk, si domenn rechèch la se ledikasyon epi nou bezwen yon endikatè sou sa yo rele devlopman dirab, nou kapab site tout sa a antanke endikatè:

- Pousantaj lekòl ki repara apre 12 janvyè nan zòn Fònasyon al selon nòm antismik
- Pousantaj batiman lekòl ki ranfòse nan zòn Fònasyon al selon nòm antismik
- Pousantaj lekòl ki konstwi apre 12 janvyè nan zòn Fònasyon al selon nòm antismik

- Pousantaj lekòl ki resevwa materyèl didaktik nan zòn Fònasyon
- Pousantaj pwofese ki te pran fòmasyon apre 12 janvye nan zòn Fònasyon

Pou nou kapab rive konnen pousantaj la, fòk nou gen enfòmasyon de baz tou, tankou:

- Kantite lekòl ki te genyen anvan 12 janvye nan zòn Fònasyon
- Kantite lekòl ki andomaje nan zòn Fònasyon nan 12 janvye

Fòk nou repete: se pa sèlman chif ki endikatè. Pou n di sa a yon lòt jan, yon endikatè kapab rete kalitatif: konesans moun, kwasans moun, pèsèpsyon moun, abitud, estrikti familyal, lang, konsèp, relasyon moun ak moun, enteraksyon ant “grimèl” ak “moun wouj,” definisyon moun sou yon tèl fenomèn, elatriye. Tout sa a kapab endikatè pou yon varyab menmsi yo rete tout ouvè pou entèpretasyon. Anfèt, se entèpretasyon menm menm ki enterese nou nan rechèch kiltirèl.

### **Baz konparezon:**

Depi kesyon rechèch oswa ipotèz genyen mo tankou *enpak, konsekans, efè, chanjman*, oswa *finalite* devan varyab endepandan an, se mo sa yo ki egzije yon konparezon. Men yon rechèch pa oblije toujou baze sou konparezon, vle di konpare A avèk B. Yon rechèch kapab rete nan nivo konpreyansyon de baz yon fenomèn pou kont li. Rechèch sa a rele “deskriptif.”

Men si kesyon rechèch oswa ipotèz la egzije yon konparezon, gen 2 fason pou konpare. Pa egzanp, si kesyon yo koumanse konsa: *ki enpak pwojè ONG Kanadyen pote...* omwens li egzije yon koutje sou kondisyon – vle di endikatè nou yo – anvan entèvansyon ONG Kanadyen epi yon lòt koutje sou endikatè apre. Pa egzanp, yon seri endikatè pou kesyon *ki enpak pwojè ONG Kanadyen sou kondisyon sosyo-ekonomik* nan yon zòn byen detèmine, yon etap de tan limite kapab gen ladann l:

- Mwayèn timoun pa fanmi ki ale lekòl anvan pwojè a te kòmanse
- Mwayèn timoun pa fanmi ki ale lekòl apre pwojè a te kòmanse

Pa egzanp, nou kapab di, an mwayèn, chak fanmi gen 2,1 timoun ki ale lekòl anvan pwojè a kòmanse, epi apre pwojè a, mwayèn nan vin 3,6 timoun ki ale lekòl. Ki vle di, gen yon ogmantasyon 1,5 timoun pou chak fanmi depi pwojè a dewoule. Kidonk, sa se youn fason pou mezire enpak pwojè ONG a.

Kapab genyen yon pakèt lòt endikatè byen detaye ki pale sou *kondisyon sosyo-ekonomik*. Yon lòt egzanp:

- Konbyen jou pa semenn manje kwit nan kay la anvan pwojè a te kòmanse
- Konbyen jou pa semenn manje kwit nan kay la apre pwojè a te kòmanse

Nan endikatè, nou kapab site pwogrè depi to a ogmante: sòti 3,5 jou pa semenn yon fanmi kwit manje nan kay yon fanmi rive 4,2 apre enplantasyon pwojè ONG a se yon siy pwogrè.

Si gen chif disponib sou endikatè sa a nan plizye etap, li ta toujou pi bon toujou pou pran yon seri koutje, pa egzanp, kantite timoun ki lekòl nan mwa Mè pou lane 2007, 2008, 2009, 2010, epi 2011 (Mwa Mè a pi bon paske gen plis timoun ki kòmanse nan mwa Sektanm. Kèk paran pa gen lajan, ki fè mwens timoun fini ane lekòl la). Konsa nou kapab wè evolasyon fenomèn nan pi byen.

Ka sa a gen yon baz konparatif ki chita sou **tan: anvan/ apre**. Sa vle di, A se endikatè anvan pwojè a epi B se endikatè apre pwojè a.

Men yon lòt fenomèn kapab esplike chanjman nan endikatè. Nan ka to eskolarizasyon pi wo, ogmantasyon timoun ki ale lekòl kapab pètèt eksplike pa yon nouvo lekòl nasyonal ki te kreye. Sa vle di, nou pa kapab konstate ke se pwojè a li menm ki lakòz ogmantasyon eskolarizasyon nan tèl zòn pou kont li. Nan ka sa, fòk nou gen yon lòt baz konparatif. Nou kapab rele baz sa a **gwoup kontwòl. Pa bliye** – konsèp “gwoup kontwòl” sa a parèt nan rechèch eksperimante, kote yon popilasyon pat touche pa yon fenomèn.

Gwoup kontwòl se yon popilasyon ki pa touche pa yon fenomèn. Nan ka egzanj nou te site pi devan, se yon popilasyon ki pa benefisyè de sèvis ONG nap pale a. Gwoup A se popilasyon sib ONG sa a epi gwoup B se yon echantiyon popilasyon ki pa benefisyè pwojè sa a. Konsa nou kapab ekri yon seri endikatè pou n eseye izole enpak pwojè ONG a li menm:

- Mwayèn timoun pa fanmi ki ale lekòl anvan pwojè a te kòmanse
- Mwayèn timoun pa fanmi ki benefisyè pwojè ONG a ki ale lekòl apre pwojè a te kòmanse
- Mwayèn timoun pa fanmi ki pa benefisyè pwojè ONG a ki ale lekòl apre pwojè a te kòmanse

Kounye a nou kapab ale pi lwen: an mwayèn, chak fanmi genyen 2,1 timoun ki te ale lekòl. Apre entèvansyon ONG a, mwayen nan toujou 3,6 pou popilasyon total la. Men lè nou dekole popilasyon sib ONG ak sa nou rele gwoup kontwòl la (yon popilasyon ki pa benefisyè pwojè sa a), nou kapab wè pa egzanj yon to 3,8 timoun ki ale lekòl nan popilasyon sib ONG a, epi an mwayèn 3,4 timoun ki ale lekòl ki pa benefisyè pwojè ONG a. Sa vle di, gen yon ogmantasyon (soti 3,4 rive 3,8 timoun), men faktè ki esplike fenomèn nan pi plis se yon lòt bagay, pa egzanj louvèti yon nouvo lekòl nasyonal.

Li pi bon toujou pou gade si te gen diferans ant popilasyon sib ONG a epi gwoup kontwòl-popilasyon ki pa benefisyè. Pa egzanj, men yon seri endikatè ki pi byen detaye ki kapab izole enpak pwojè ONG a:

- Mwayen timoun pa fanmi ki benefisyè pwojè ONG a ki ale lekòl **anvan** pwojè a te kòmanse
- Mwayen timoun pa fanmi ki **pa** benefisyè pwojè ONG a ki ale lekòl **anvan** pwojè a te kòmanse
- Mwayen timoun pa fanmi ki benefisyè pwojè ONG a ki ale lekòl **apre** pwojè a te kòmanse
- Mwayen timoun pa fanmi ki **pa** benefisyè pwojè ONG a ki ale lekòl **apre** pwojè a te kòmanse

Raple nou ke mwayèn timoun ki te ale lekòl pa fanmi anvanpwojè te 2,1. Ann di konsa depi nou dekole popilasyon sib ak gwoup kontwòl, se te 2,3 timoun pa fanmi pou popilasyon ki pral benefisye pwojè ONG a, epi chif pou fanmi ki pap fè pati de pwojè a se 1,9 timoun pa fanmi. Depi pa egzansp diferans ant nivo eskolarizasyon ki te egziste anvan pwojè ONG a, nou kapab konstate pwojè a pa pote yon enpak nan endikatè sa a. Pwojè a gendwa gen yon enpak sou kèk lòt endikatè, tankou konbyen fwa fanmi kwit manje nan lakay. Men nou kapab konstate pwojè a pa gen enpak: ni pozitif, ni negatif, sou endikatè ledikasyon.

Nou kapab fè menm egzèsis nan lòt domenn – wout, manje, agrikilti, lasante, elatriye.

Kounye a nou wè enpòtans detay genyen lè nou ekri endikatè nou yo.

#### **ANN PRATIKE!**

*Sèvi ak menm kesyon rechèch ak varyab nou korije deja. Pou chak gre nn varyab, detaye yon seri endikatè ki byen estriktire, byen defini, byen limite, epi byen klè. Fè yon kòlèg wè l pou pote konsèy pa yo. Epi korije. Fè yon lòt kòlèg korije li tou. Kontinye detaye l jiskaske ou metrize l. Se endikatè yo menm ki pral dirije tout rechèch ou pral mennen. Pran tout tan ki nesèsè pou asire tan w pral jwenn nan etap kolèkte done yo pral itil.*

#### **IV. SELEKSYON / ECHANTIYON**

Kounye a nou pare pou seleksyone eleman nan popilasyon pou n fè rechèch. Se kiyès ki pral ladann rechèch la? Kijan nou pral asire ke sa nou te pran gen yon validite? Se konsa nap fè seleksyon, pran yon “echantiyon.” Yon echantiyon se yon pati de popilasyon an.

Gen twa etap nan seleksyon an:

- 1) Defini popilasyon an
- 2) Detèmine efektif
- 3) Chwazi mòd seleksyon

## **1. Defini popilasyon an**

Se kilès (oswa kisa) ki nan popilasyon nou dwe tyeke? Etabli yon kad / definisyon ki byen estriktire. Konbyen moun (oswa dokiman, elatriye) ki nan popilasyon an?

Ann pran egzanp pou endikatè sa a: *kondisyon wout nan Bèlè / Solino*. “Popilasyon” nan ka sa a se wout nan Bèlè ak Solino. Sipoze limit katye a deja byen etabli; sinon, operasyonnalize l pou rechèch la. Al chache yon kat jewografik ki gen tout wout andan Bèlè / Solino. Sa se “popilasyon” an. Epitou yon popilasyon kapab “kan” oswa “ONG.” Konbyen kan ki egziste? Konbyen ONG kap kapab fonksyone nan peyi a?

Yon popilasyon gendwa plizye nivo: moun kap travay nan ONG (ki gen plizye nivo, tankou direksyon, responsab pwogram yo, epi moun ki sou teren an), komite kan, epi moun ki rete nan kan. Èske se pa fanmi, oswa se pa grenn moun? Èske se fanm yo sèlman ki enterese nou? Jenn? Fanm ansent? Andikape?

Konbyen fanmi osnon moun ki nan chak tranch popilasyon an? Pa egzanp si popilasyon an se “Pòtoprens” fòk nou operasyonnalize l: Èske Delma / Petyonvil ladann? Si popilasyon an se moun ki rete nan zòn metwopolitèn nan sa fè anpil moun, apeprè 3 milyon. Pou retounen nan Bèlè Solino se toujou anpil moun, anpil fanmi. Ann estime popilasyon “Gran Bèlè.” Ann di li gen anvwon 60,000 moun, swa 12,000 fanmi.

Depi ou gen gwo mwayen nan men ou pou vizite chak grenn fanmi, ou pa bezwen fè yon seleksyon. Men li pral difisil pou pale ak 12,000 fanmi.

## **2. Konbyen moun nou ta bezwen?**

Sa depann de metodoloji nou te chwazi a. Si nou ap fè yon rechèch kalitatif, epi objektif se rive jwenn divès pèspektiv nan popilasyon, fòk nou kontinye jiskaskè nou pap jwenn nouvo pwennvi. Si nou ta bezwen fè chif, fòk nou genyen ase done. Konbyen ki ase? Ankò, sa depann de



metodoloji a: si se yon frekans sèlman ki kapab reponn ak endikatè nou, san pa gen sa k rele varyab endepandan, ou kapab woulè ak nenpòt 50.

Epitou tay echantiyon – vle di kantite moun ki fè pati de rechèch – varye an fonksyon de karakteristik popilasyon an: plis popilasyon an sanble, mwen moun nou bezwen seleksyonè. Pa egzanp, si nap fè yon rechèch sou relijyosite (sètadi kòman fidèl yo konpòte ki pou montre yo kwayan), epi nou konnen yon tèl sèk (ann pran Temwen Jeyova, pa egzanp) tout moun gen menm relijyosite, li sifi pou poze kesyon avèk yon grenn fidèl. Epoutan depi popilasyon an gen anpil divèsite: kouch sosyal, relijyon, sèks, laj, pati politik – fòk nou seleksyone pi plis moun pou gen yon reprezantivite.

Men si gen plis pase youn oswa 2 varyab endepandan, ki ka gen anpil valè (tankou tranch laj, komin, nivo edikasyon) fòk nou genyen yon kantite minimòm pou 1 ka rete siyifikatif, pou 1 kapab gen sans. Pa egzanp, si nou pran 90 moun, li ka posib pou jwenn sèlman 2 moun ki nan yon sètèn tranch daj oswa nivo ledikasyon, si varyab endepandan sa yo (tranch daj/ nivo ledikasyon) enpòtan pou rechèch la kapab avanse. Kidonk, nan ka sa a, 90 moun pap sifi.

Si nap sèvi ak entèvyou ouvè, li pral pran plis tan, ki vle di nou pral gen mwens entèvyou. Si se yon rechèch “kalitatif,” oswa rechèch diskou/ lengistik la, fòk li ase pou jwenn yon seri diferan repons nou kapab konpare ak analize.

## **Kontrent**

Gade kontrent nou genyen. Si se yon obsèvasyon dirèk, konbyen èdtan nou bezwen pou rive mache sou chak wout nan Bèlè / Solino? Si se yon koutje pou gade twou nan lari a, sa pral pran mwens tan pou detaye kote yap sitiye, epi lap pran plis tan si nou gen plis endikatè. Ann di li pran 30 minit pou fè yon bonjan obsèvasyon de yon blòk youn lari. Ann di konsa Bèlè / Solino genyen 500 blòk. Kidonk, pou travay la fini, fòk nou konsakre 250 èdtan, ki vle di apeprè 31 jou si nap travay 8tèdtan chak jou. Si nou pa vle travay nan wikenn, sa bay plis pase 6 semenn.

Sonje se sèlman youn endikatè nan rechèch pa nou. Kidonk, konbyen tan nou ta dispoze pou mezire endikatè sa a? Se sak kontrent pa nou. Se parapò ak kontrent sa a nou kapab rive deside konbyen blòk lari a nou pral seleksyone. Ann di nou ta renmen konsakre 3 jou travay, epi nou ta vle pran pòz manje a. Kidonk, se 18èdtan (90 minit pou transpò ant blòk sa yo epi 30 minit pòz), ki fè nou kapab fè yon bonjan obsèvasyon dirèk nan 36 blòk sou 500.

Kijan nap seleksyone 36 blòk sa yo? Nou rive nan mòd seleksyon an.

### **3. Chwazi mòd seleksyon an:**

Angwo gen 2 modalite echantiyon nan:

- 1) Echantiyon pa chans (ann franse nou ka di “non-probabiliste”)
- 2) Echantiyon reprezantiv (ann franse nou ka di “probabiliste”)

#### **a. Pa chans**

Nou pap kapab di anyen sou kijan repons nan echantiyon reprezante popilasyon.

- Aksidantèl – se pran premye kantite eleman ki parèt, tankou 30 premye etidyan ki rantre nan fakilte. Se metòd ki pi rapid, sèlman pou etabli sak pase. Se tankou yon rechèch jounalis oswa yon ajan lapolis ki rive kote yon krim fenk fèt.
- Volonte – chèche depann de moun ki bay tèt li, ki itilize pi souvan nan eksperimante. Se depi gen yon mank mwayen, rechèch la konplike, oswa gen yon gwo limit tan.
- Referans moun – seleksyone eleman parapò ak referans lòt eleman nan rechèch la.
- Kad teyorik –vize yon seri varyab demografik paske kesyon rechèch la oubyen ipotèz egziye yon konparezon ant plizye kalite moun, mòd seleksyon an se kad kesyon teyorik.

#### **Referans moun**

Gen yon seri kesyon oswa popilasyon ki pi vilnèrab, kesyon ki two sansib, pa egzanp si apre masak gwo sèvitè vodou nan Desanm 2010 sou pretèks kolera, sèvitè yo pral wont pou pale avèk

nenpòt kiyès, li tap pi bon pou gen yon “moun pa” pou refere w: pwofese w, zanmi w, kouzin w, vwazen w, kòlèg w, elatriye. Se posib pou gen yon zanmi ki gen yon kontak ak yon bouzen, madivinèz, depòte, manm gang, etsetera. Kite lòt moun nan ap fè entwodiksyon an. Lè ou fin fè entèvyou (ki kapab fèmen oswa ouvè), ou kapab mande moun nan pou refere ou pou yon lòt moun. Mete 25 goud sou telefòn li pou li kapab rele moun sa yo, epi planifye yon rankont avèk nouvo moun, jiskaske ou rive jwenn kantite ou bezwen nan echantiyon an.

Yon danje egziste se depi se sèlman youn grenn moun ki kapab refere w, se sèlman “moun pa” li, nan rezo pa 1 ki enpòtan. Depi ou konnen gen 2 gang kap kontwòle Gran Ravin, fòk ou gen kontak avèk toulede.

### **Pa kesyon teyorik (diskriminasyon pozitif)**

Si endikatè yo egzije yon konparezon avèk yon popilasyon sib (fanm ansent, andikape, benefisyè yon pwogram ONG, etsetera) se posib ke nou pap jwenn ase kalite moun konsa nan rechèch. Kidonk, nap vize karakteristik popilasyon ki pi enpòtan epi resevwa yon kantite nan echantiyon pou moun sa yo.

Nan egzanp wout nan Bèlè / Solino, si nou konnen tèl ONG te fè yon travay sou Avenue Poupelard epi Delmas 18, epi pa plis, epi kesyon rechèch mande ki enpak travay ONG sila, li ta pi enteresan pou resevwa (yon diskriminasyon pozitif) yon minimòm tranch nan 2 wout sa a nan echantiyon 36 la, pa egzanp 9 nan Delmas 18 epi 9 nan Poupelard. Si nou bezwen yon baz konparezon, pito nou konpare 2 wout sila – ki se wout prensipal – ak lòt wout ki sanble, ki prensipal la tou, tankou Caravelle ou byen Sans Fil, pa egzanp 9 tranch nan chak.

### **b. Repezantiv**


Se yon echantiyon kote nou kapab konstate apre rechèch la, repons la repezante popilasyon nan yon sètèn manyè. Nou kapab mezire nivo ere epi nivo ‘konfyans’ lè nap fè kalkil avèk chif. Gen 2 gran tip echantiyon repezantiv:

- 1) Pa chans
- 2) Sondaj popilasyon

### 1) Pa chans

Pa chans vle di chans. Nou pa vize lòt varyab, se tou senpleman pran yon seri eleman nan popilasyon an. Gen 2 apwòch nan pa chans: youn se **chak “x”** epi lòt la se **boul bòlèt**.

Chak X se lè gen yon lis byen detèmine, tankou yon resansman chak fanmi oswa yon baz done. Divize tay popilasyon pa tay echantiyon epi sa bay “X” la. Pa egzanz wout nan Bèlè Solino a, divize 500 pa 36, ki bay 13,67. Ki vle di, nap pran chak 13zyèm blòk. Si gen 400 fanmi nan yon kan epi nap pale avèk 100 fanmi, se pran chak 4 moun. Oswa li kapab jewografik, avèk yon kat jewografi. Si pa gen lis moun nou gendwa trase yon kat jewografi konsa:



Chak kare reprezante yon tant kote yon fanmi ap dòmi. Pou pran chak 4tryèm, annik pran fanmi sila (pwochen paj)

X				X				X				X				X		
	X				X				X				X				X	
		X				X				X				X				X
			X				X				X				X			
X				X				X				X				X		
	X				X				X				X				X	
		X				X				X				X				X
			X				X				X				X			
X				X				X				X				X		
	X				X				X				X				X	
		X				X				X				X				X
			X				X				X				X			
X				X				X				X				X		
	X				X				X				X				X	
		X				X				X				X				X
			X				X				X				X			
X				X				X				X				X		
	X				X				X				X				X	
		X				X				X				X				X
			X				X				X				X			
X				X				X				X				X		

Lòt fason pou jwenn yon lis pa chans se tankou yon boul bòlèt. Ekri lis popilasyon, chak nan yon papye. Mete 1 nan yon sak. Sekwe li byen epi pran li jiskaske nou rive nan echantiyon an (li tap pi byen pou rale 2-3 lòt toujou si nou pap kapab kominike ansanm avèk tout moun lè nou rive sou teren nan. Fòk nou retounen omwens 3 fwa.

**2) Sondaj popilasyon (“quota”)**

Si popilasyon nan etid pa nou two gwo (tankou 3 milyon moun nan Pòtoprens), men nou konnen yon seri done ki enpòtan: pa egzanp 55% popilasyon se ti machann; 30% moun se pwotestan; 45% moun se jenn ki gen mwens pase 20tan – epi nou ta vle fè yon seleksyon reprezantatif, nou seleksyone ki varyab ki enpòtan (pa egzanp laj, sèks, relijyon, nivo ledikasyon, pwofesyon, etsetera) epi detèmine konbyen fanm ki nan dezyèm tranch laj ki katolik nou bezwen parapò a echantiyon nan rechèch ki reprezante popilasyon an. Li pi fasil pou ekri yon tablo avèk tout varyab nou bezwen. Metòd seleksyon sa a te koumanse nan sondaj avan eleksyon, “Gallup” pou fè yon previzyon de rezilta eleksyon.

### **ANN PRATIKE!**

*Pou chak endikatè ou te ekri, defini ‘popilasyon’ nan.*

*Aprè w detaye tout, òganize yo parapò ak diferan popilasyon yo.*

*Nan chak ‘popilasyon,’ endike si w bezwen yon echantiyon oswa se yon resansman.*

*Si w bezwen yon echantiyon, ki mòd seleksyon pral pi itil w? Ki efèktif ou pral anmezi pou etidye?*

## **V. KÈK METÒD POU RASANBLE ENFÒMASYON**

Aprè tout sa a, nou pare pou n reflechi sou ki estrateji ki kapab pi apwopriye pou rive jwenn bonjan done / enfòmasyon pou mezire oswa evalye endikatè yo. Chak endikatè gen plizye fason yo kapab mezirel. Se tankou yon chez oswa yon tab, depi 1 chita sou 4 pye 1 djanm, li byen kanpe. Gen anpil metòd pou fè rechèch sosyal, men nap pale de kèk ladan yo chechè yo plis itilize:

- Rechèch dokimantè – kit se sou sipò papyè oswa sou entènèt
- Rechèch istorik – kit se dokiman ekri, kit se sa nou tande
- Rechèch odyovizyèl<sup>9</sup>
- Obsèvasyon
  - dirèk
  - endirèk
  - patisipan

---

<sup>9</sup> Videyo, foto, fim dokimate, fim...

- Entèvyou –
  - kesyon fèmèn
  - kesyon ouvè
  - demi/mwatye ouvè

Chak metòd gen fòs ak feblès yo:

<b>Metòd</b>	<b>Fòs</b>	<b>Feblès</b>
Dokimantè	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Li pi fasil / rapid</li> <li>• Li chita sou kredibilite lòt enstans</li> </ul>	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Sa depann de metòd lòt enstans</li> <li>• Rapò gendwa kache kèk reyalite</li> </ul>
Imaj	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Enfòmasyon disponib pou tout moun ka konsilte</li> </ul>	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Li ka pa klè</li> <li>• Li ka egzije materyèl sofistike</li> </ul>
Obsèvasyon dirèk	<ul style="list-style-type: none"> <li>• li pèmèt verifye enfòmasyon yo.</li> <li>• chèchè a al pran enfòmasyon yo dirèkteman.</li> </ul>	<ul style="list-style-type: none"> <li>• li ka mete an danje ni cheche a, ni popilasyon an popilasyon an</li> <li>• Li pran anpil tan pou gade</li> </ul>
Obsèvasyon patisipant	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Moun ka pi alèz ak chèchè a.</li> <li>• Gen yon seri fenomèn nou pa ka dekouvri si nou pa patisipe</li> </ul>	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Sa pran tan pou moun yo vin alèz avèk chèchè a.</li> <li>• Gen anpil risk ladan.</li> </ul>
Kesyon fèmèn	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Li fasil epi rapid – pou rasanble epi trete enfòmasyon</li> <li>• Li kapab pare pou fè chif</li> </ul>	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Gen kèk reyalite ki difisil pou mezire.</li> <li>• Li depann de repons nou bay</li> <li>• Moun pa twò enplike – ki fè moun yo manke patisipe nan ankèt la.</li> </ul>
Kesyon ouvè	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Li kapab pote anpil detay / anpil nyans</li> </ul>	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Li pran anpil tan pou trete</li> <li>• Li kapab pi difisil pou fè chif si</li> </ul>



	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Chèchè a kapab aprann nouvo reyalite li pat vize</li> </ul>	sa enpòtan <ul style="list-style-type: none"> <li>• Moun gendwa egzajere oswa kache/bliye kèk detay</li> </ul>
--	------------------------------------------------------------------------------------------------------	----------------------------------------------------------------------------------------------------------------

**a. Rechèch dokimantè:**

Depi yon lòt enstans deja gen bonjan enfòmasyon, travay la se jwenn enfòmasyon sa yo nan yon fason byen òganize. Gen yon seri dokiman ke nou kapab konsilte tankou: swa rapò ONG, leta, bayè de fon; chif PNH (polis Nasyonal Ayisyen) oubyen MINUSTAH; chif IHSI (enstiti Ayisyen (e)Statistik ak Enfòmatak) sou yon seri endikatè; achiv nasyonal; eta sivil; dekrè ofisyèl nan jounal *Moniteur*<sup>10</sup>; menm yon seri atik nan jounal tankou *Nouvelliste*. Jounen jodi a, entènèt la gen yon pakèt enfòmasyon, men nou fòk nou pridan.

Travay la se pou gen yon bon jan plan pou jwenn enfòmasyon. Fòk ou konnen egzakteman sa w bezwen, konbyen dokiman konsa, kote ak kijan w pral jwenn yo? Fè yon bon jan plan ak egzekite l kap pran yon bon ti tan..

Si w pa gen yon plan anvan wal chèche dokiman, sitou sou entènèt, travay la pral pran anpil tan – epitou li fasil pou pèdi. Li posib pou jwenn twòp enfòmasyon. Kidonk, nap seleksyone sa nou bezwen.

Li posib pou enfòmasyon w bezwen yo pa egziste. Fòk nou sonje tout sous enfòmasyon gen yon pwennvi, gen limit, gen kontrent, gen twou tou. Gade byen kijan enstans sa a te rive jwenn enfòmasyon yo. Èske w ka fe enfòmasyon yo konfyans? Sonje kontèks la: kiyès ki gen aksè ak enfòmasyon nan tribinal yo? Èske tout moun rele PNH lè yon krim fèt? Èske tout ka kadejak anrejistre? Li posib pou yon viktim vyolans pa rapòte li poutèt yo wont oswa yo pè vin viktim ankò.

Li enpòtan tou pou nou sonje se pa sèlman chif ki enterese nou. Pa egzanp nou kapab gade *Nouvelliste* pandan yon mwa, an chèche chak fwa yo site non “Clinton.” Epi nou pral genyen

---

<sup>10</sup> Jounal ofisyèl

yon pakèt atik pou nou kapab fè yon konparezon: se sou ki sije, ki langaj, elatriye. Se menm avèk “T-Shelter,” “Cash for Work,”oswa yon ONG tankou MSF, Oxfam, e latriye. Ki vle di, metòd sa valab menmsi li konplètmankalitatif. Men raple se yon apwòch ki byen estriktire, byen detèmine.

Avantaj metòd sa senp: li pi fasil, pi rapid, pou konsilte lòt tèks. Epitou depi rechèch la byen fèt, nou kapab kanpe sou yon bon baz pou fè konsta. Men kalite a depann de metodoloji lòt enstans te swiv. Epitou gen yon seri fenomèn ki pa two fasil pou konprann poutèt difikilte oswa prejije ki genyen, jan nou site yo a. Pou fini, yon enstans tankou ONG sèvi ak rapò pou jistifye prezans li. Kidonk, li posib pou rapò kache yon seri kritik. Pa egzanp yon ONG gendwa di yo bay dlo nan yon kan chak jou, epoutan lè w ale sou teren ou we se chak 2-3 jou.

#### **an. Rechèch istorik:**

Metòd sa a sanble anpil ak denye teknik (si nap sèvi ak dokiman) epi entèvyou ouvè ki pi devan (si se yon istwa oral). Kidonk, menm prensip yo egziste. Fòk li byen òganize, fòk nou vize egzakteman ki enfòmasyon nou bezwen, fòk li sistematik, etsetera.

Objektif yon rechèch istorik se pou konprann kisa ki te pase pou tèl moun, tèl kote, oswa tèl enstitisyon. Sonje mo “istwa” gen 2 sans, yon listwa yon peyi epi yon blag, krik-krak, elatriye. Lè yon grandèt ap raple yon istwa, li gen yon pwennvi epi yon objektif. Daprè **Michel-Rolph Trouillot**<sup>11</sup>, se menm avèk “listwa peyi Dayiti.” Moun ki ekri listwa yo gen yon pwennvi, yon objektif tou. Ki vle di, done yo pa gen verite ladann pou kont yo: fòk nou analize, entèprete, elatriye.

#### **b. Rechèch vizyèl:**

Jounen jodia, anpil moun gen aksè pou pran foto avèk telefòn selilè. Gen yon pakèt imaj ki gaye sou entènèt, sitou avèk rezo tankou Facebook.

---

<sup>11</sup> TROUILLOT Michel Rolph. *Silencing the Past: Power and the Production of History*(Faire taire le passé: Puissance et la production de l’histoire). Beacon Press 1995.

De jou an jou moun yo sèvi ak videyo, foto, elatriye pou yon pwodwi rechèch. Yon fim dokimantè kapab vin yon bon zouti pou fè avanse konesans nou. Men travay vizyèl yo (fim, videyo, foto, tablo) pa sèlman pwodwi yon rechèch, li kapab yon *metòd* tou.

Se tankou pwovèb kreyòl la ki di: *sa je pa wè, kè pap tounen*. Si youn nan varyab se, pa egzanp, “kondisyon sanitè nan Grann Ravin,” kèk nan endikatè pi dirèk se: pil fatra, latrin, ravin, kote dlo desan, kondisyon ijyenik, chen janbe, elatriye. Kidonk, imaj yo reprezante metòd pi dirèk.

Nou kapab byen estriktire obsèvasyon nou. Pa egzanp, nou gendwa seleksyone yon seri machan fritay pou gade lwil yo sèvi. Pou nou kapab pi byen konprann evolisyon an, fòk nou pran foto nan menm kondisyon, pa egzanp chak jou a midi, lè solèy pi cho epi pi dirèk – pa gen lonbray. Si nou pran yon seri foto chak jou a midi pou youn etap 2 semenn, nou kapab gade si koulè lwil chanje, soti jòn rive mawon oubyen menm nwa. Pifò kamera dijital (epi selilè yo) mete dat epi lè yon kote. Depi metòd la byen òganize epi byen estriktire, nou kapab sèvi avèk li pou mezire yon seri endikatè.

Epitou gen yon metòd ki sèvi ak foto pou koumanse yon konvèsasyon. Si foto a gen ladann yon pil fatra, oswa yon goumen ant yon gason ak yon fanm, oswa yon kan deplase, nou kapab mande moun yo kisa yo wè anndan foto a, ki istwa yo kapab bay pou esplike sak nan foto a, kijan yo entèprete imaj ki nan foto a. Epitou gen moun ki mete kamera nan men popilasyon yo pou pran foto lavi kotidyen pa yo.

Avèk kamera videyo, nou kapab anrejistre yon seremoni vodou, katolik, oubyen pwotestan. Nou kapab kanpe yon kote byen detèmine pou filme aktivite ekonomik, trafik, elatriye. Se menm prensip pou swiv pou pran foto tou.

Kidonk, nou kapab fè yon pakèt rechèch ak imaj, kit se foto, kit se videyo. Sa depann de objektif rechèch la. Sa depan de endikatè. Avantaj metòd sila se tout senpleman, *tande ak we se de*, oswa *de je kontre, manti ka ba*. Rechèch vizyèl gen dezavantaj li: non sèlman difikilte teknik epi aksè teknoloji a, men sitou apre yon envazyon medya, ONG ak misyonè nan peyi a apre

goudougoudou, moun yo boukè ak foto. **Felix Morisseau-Leroy**<sup>12</sup>te ekri yon pwezi ki di konsa: “pa pran foto m blan.” Epiou rechèch vizyèl gen limit: sou menm egzanp foto grès nan chodyè, nou kapab konstate yon evolisyon koulè a, men foto yo pou kont yo pa sifi mennen nou konstate pwoblèm ijènèk: fòk nou konnen yon pakèt lòt bagay, pa egzanp temperati lwil, prezans mikwòb, kantite pousyè, elatriye.

## ch. Obsèvasyon

### Obsèvasyon dirèk:

Menm lè li ta sanble ak rechèch vizyèl, obsèvasyon dirèk pa depann de zouti vizyèl tankou kamera. Sèl sa ou bezwen se pwòp jew ki pou wè epi yon kote pou ekri nòt. Se kòm si nou pral trase yon imaj avèk deskripsyon an. Kidonk, fòk deskripsyon an byen detaye pou rann nenpòt moun ki pat gen chans ale sou teren an kapab imajine l.

Pa egzanp, nan ete 2010 lan, yon ekip rechèch nan fakilte Etnoloji ki te kolabore ansanm ak mwen nan fè yon obsèvasyon dirèk nan kan yo. Yo te blije ale nan 5 kan chak semenn. Yo te gen pou yo ekri yon bonjan deskripsyon de tout sa posib, tankou kondisyon anviwònman (pousyè, labou, lonbray, si se nan yon mon, etsetera), distans pou rive nan transpò piblik, aktivite ekonomik milye a (lekòl, mache, biwo), sèvis de baz (klinik, sant pou timoun, elektrisite, san pale de dlo ak latrin – kantite epi kondisyon), kantite epi kondisyon tant, aktivite kòmès, elatriye. Tout sa sèvi de baz obsèvasyon anketè yo. Pou fasilite travay la, mwen te bay yon gid ki mande kèk pwèn esansyèl, epi gen yon ti espas pou yo ekri repons sou kesyon sa yo (gade egzanp zouti nan anèks). Angwo, fòk nou konnen kisa nap gade, kijan, ki kote, epi kilè avan n al sou teren.

Paske memwa nou gendwa pa kenbe tout detay, li enpòtan pou pran nòt lè nou ale sou teren. Depi yo pa ekri, yo pa yon done. Li pi bon pou òganize nòt pou yo ka vin sa antwopològ rele **nòt teren** yo lè ou fenk kite teren an. Chache byen vit yon kote pou ekri nòt yo. Si ou gen aksè yon òdinatè, ou kapab anrejistre, sovgade, enprime epi annapre, analize yo.

---

<sup>12</sup> Félix Morisseau-Leroy. Licencié en Droit en 1934, spécialisé en éducation à Columbia University, Creolophile.

Epitou nou kapab sèvi ak metòd obsèvasyon dirèk pou verifiye yon pakèt bagay: chita nan tèl kote pou yon tan byen detèmine (20 minit, 30 minit, elatriye), al gade konbyen moun kap pase, konbyen fwa ajan PNH/ MINUSTAH pase, gade aktivite kòmès, gade lòt aktivite tankou timoun kap jwe, elatriye. Nou kapab tou note kalite rad moun yo genyen.

Si yon endikatè se kondisyon wout, ou kapab chwazi yon pati nan wout la epi mache sou tout longè l. Nan kaye ou wap trase yon liy pou reprezante wout la, epi note chak fwa gen yon twou, yon pil fatra, oubyen yon fann ou kapab tou gade si gen kanalizasyon pou dlo nan toulède sans; ou kapab note ki kote wout la asfalte, kote li adokine, epi kote ki gen wòch oswa pousyè.

Yon rechèch obsèvasyon dirèk kapab gen plizyè etap ladann l, pa egzanp, gade longè / wotè pil fatra a 8tè di maten, retounen menm kote lari a pou fè yon lòt obsèvasyon a midi, 3zè, epi 6zè. Konsa ou kapab gade si l ogmante ou diminye, epi poze tèt ou kesyon sou fenomèn ki eslike chanjman sa yo: èske se timoun ki soti lekòl? Èske se machann ki jete rejè machandiz anvan li kite plas li?

Kidonk, metòd obsèvasyon dirèk kapab itil pou anpil endikatè. Nan egzanp nou site yo, gen chif epi gen deskripsyon. Yon ti konsèy: fè yon eksperyans voye 2 moun al fè obsèvasyon sou menm kote, menm lè, avèk menm gid. Al gade pou wè si yo note menm bagay. Gen kèk detay yon moun wè ke lòt la pat anvizaje. Gen kèk fenomèn yon moun pi vize epi pi pare pou ekri l. Pa egzanp, yon fanm kapab pi dispoze pou l wè enteraksyon fanm ak gason. Yon moun ki sòti klas malere ka pi vit wè enteraksyon ant patwon ak yon ti pèsonnèl.

Gen yon pawòl ki di: *gade ak we se de*. Li enpòtan pou eseye separe sa nou gade ak sa nou *konstate*. Pral gen yon faz pou analiz. Nòt teren a ta sipoze yon baz obsèvasyon jan nou wè l. Nou gendwa note kèk konsta, sa vle di kesyon osnon remak, nan maj kaye a pou fè nou sonje. Pita, lè nou retounen, nou kapab poze yon seri kesyon. Men pinga ou melanje yo. Si yon lòt moun pral konsilte nòt teren w, epi w di gen yon bouzen kap travay, moun nan pral mande w, sou ki baz ou te rive konstate sa?

Epitou, li enpòtan poun raple, prezans yon moun sou teren afekte sa lap gade. Se sa rele **reyaktivite**, vle di enflyans chèchè a genyen sou rechèch la. Chèchè a genyen yon obligasyon pou bese reyaktivite a, menmsi li pa posib pou bloke l tout nèt.

Imajine w parèt nan yon katye popilè oswa yon kan. Ou pa rete la; pèsonn pa rekonnèt ou. Konsa moun pral tyeke ou. Sa se nòmral. Imajine w mete bèl rad, anpil zanno, chenn, epi moun nan katye a pa menm gen soulye, epi yon pakèt timoun ap kouri devan ou toutouni. Konsa w mete moun yo malalèz. Imajine w nan yon espas kote yon pakèt enstans deja fè yon pil rechèch. Yo bouke ak rechèch. Tout sa konn rive fèt. Imajine w se yon blan kap poze kesyon sou èd ONG! Menmsi ou demontre tout bon volonte w, demontre kiyès ou yè, epi fè tankou ou pa la, prezans ou sèlman kapab chanje sa moun ap fè devan w paske yo konnen ou la.

Obsèvasyon dirèk pote anpil avantaj pou kont li. Ou kapab verifye yon seri endikatè sou kondisyon wout, kantite latrin, e latriye san pèdi tan nan entèvyou. Epi baz obsèvasyon an kapab verifye sa moun ap di swa nan yon entèvyou swa nan yon rapò ki ekri. Pou fini, yon etap obsèvasyon kapab oryante kesyon ou ta renmen poze nan entèvyou.

Dezavantaj obsèvasyon dirèk se difikilte pou nou antre sou teren an epi difikilte ki poze lè nou rive sou teren an. Epitou yon obsèvasyon pa kapab mache pou kont li. Pou fini, prezans ou menm, epi pwennvi pa w, pral afekte tout sa a wap gade yo.

#### **ANN PRATIKE!**

*Chita nan yon kote nan piblik, kote w ka alèz epi an sekirite pou 30 minit. Pa sèvi ak yon zouti teknolojik ki pral atire atansyon sou ou. Vle di, nan anpil ka se avèk yon plim ak yon kaye pou w travay. Note tout detay ki posib: miz-an-sèn, kontèks, achitekti, plan espasyal, materyèl. Epi sitou gade moun: konbyen moun ki pasè, kisa y ap fè, kijan yo konpòte, kijan yo abiye?*

**METE TOUT ENTÈPRETASYON / KESYON W AKOTE. PA MELANJE SA W WÈ AK SA W PANSE.**

*Tout aprè sa a, pito posib, kouri jwenn yon òdinatè epi tape nèt sou teren. Òganize nèt yo byen. Pou koumanse, ekri tout detay sou kontèks: ki kote, ki lè, nan kad ki aktivite oubyen*

*òganizasyon an. Epi apre w fin ekri deskripsyon obsèvasyon yo, ekri entèpretasyon oubyen kesyon ou.*

### **Obsèvasyon endirèk:**

Gen yon seri fenomèn ki pap vizib nan yon fason dirèk men nou kapab toujou fè yon konsta parapò ak enfòmasyon nou kapab wè. Tankou Maurice Sixto di, nan Ti Sentaniz, *pou wè sa madanm nan manje, gade nan poubèl la.*

Li enpòtan pou mete separe sa nou wè ak pwòp je nou epi sa nou kapab konstate. Travay la se pou cheche yon seri siy. Se tankou yon detektif ki ap toujou eseye jwenn kiyès te fè yon krim menmsi pa gen yon moun ki te wè l. Yon chèchè onèt dwe ranmase yon lis siy, epi di kijan li jwenn siy sa yo, epitou li dwe poze tout ipotèz ki posib pou espliche fenomèn ki li wè yo (apati siy yo).

### **Obsèvasyon patisipant:**

Gen yon tradisyon nan antwopoloji depi lontan kote chèchè yo rantre nan yon kominote epi patisipe nan lavi kominote a. Konsa chèchè a kapab konprann abitud, mòd de vi, pratik, rityèl, epi eksperyans kominote a. Konsa tou, lap konprann kwayans, konesans, pwovèb kilti a epi rive jwenn yon konpreyansyon de òganizasyon sosyete a: kiyès ki lidè oswa notab nan tèl zòn? Ki konfli oswa alyans ki genyen? Fenomèn sa yo pa posib pou nou dekouvri nan yon rechèch rapid. Fòk chèchè a gen pasyans ak anpil respe pou vwazen/vwazin yo.

Gen yon seri aspè nan yon enstitisyon (tankou, yon legliz, ekip foutbòl, oswa yon ONG) ki vizib pou moun ki pa anndan l, men gen yon seri aspe nan lavi enstitisyon an nou pap menm wè si yo pa andann li. Pa egzanp, se posib pou nou wè nan yon foto tout moun ap souri, men si se pou foto a sèlman nou pap janm konnen si gen yon konfli. Se posib tou pou nou konsilte yon òganigram ki sipoze espliche nou estrikti òganizasyon an, men lè ou anndan enstitisyon an, nap kapab konnen kiyès ki vrè lidè anreyalite, nap wè diferans ant ti chèf ak gwo chèf.

Rechèch la vin pi enpòtan toujou lè li konsène yon kominote vilnerab oswa ki gen kèk sekre. San site yo tout: yon gwoup timoun lari, restavèk, bouzen, masisi/madivinèz, gang, manbo/oungan,

gwoup moun sa yo ka gen tandans kache enfòmasyon sou lavi yo. Si nou bezwen konprann kijan gwoup moun sa yo ap viv, fòk nou pran tan pou nou fè moun sa yo vin alèz avèk nou, pou yo kapab gen konfyans. Nou pa bezwen prese.

Nan ka sa a, tout prensip pou obsèvasyon dirèk pral valab, men obsèvasyon patisipan gen pwòp reyalite pa l. Kèk konsèy toujou se pa prese. Se demontre yon respe pou tout moun. Se demontre konpòtman pwofesyonèl. Fòk ou prezan. Si yo pase yon vye tafya pou moun bwe, al bwe yontikal. Sonje sa k enpòtan pou zanmi se ti jès yo: salye gadyen anvan w rantre nan yon biwo. Pran tan pou pale ak timachann lè wap achte nan men l. Bay yon koutmen nan yon konbit. Pote yon ti kado toupiti lè se fèt yon moun. Elatriye.

Metòd sa gen anpil avantaj: se sèl mwayen pou jwen enfòmasyon sansib oubyen detekte nyans kiltirèl yo. Men dezavantaj yo anpil tou. Metòd sa a pi riske, li gen plis egzijans pase lòt yo, epi li mande plis tan epi plis enèji. Pou di l yon lòt fason: plis mwayen.

## **e. Entèvyou**

### **Entèvyou ouvè:**

Gen anpil prensip ki pral sanble nan yon entèvyou ouvè. Sa ki pi enpòtan toujou se fason nou dewoule entèvyou a: kijan nou fè moun yo santi yo kapab alèz, ki premye kesyon, nan lòd kesyon yo, epi kijan nou kapab mete moun plis anvi pou pale epi pote plis anvi epi pote plis detay nan entèvyou a. Fòk nou tann jiskaskè moun nan pare. Epitou, menmsi nou gen yon griy nan men nou ki dirije entèvyou a, li tap bon pou konsidere li antanke yon konvèsasyon. Se tankou nap pale ak yon zanmi, yon kòlèg.

Kijan nou pral anrejistre entèvyou a? Èske se avèk yon mayètòfòn oubyenmikwo? Osinon, kijan nou pral jwenn vrè enfòmasyon an nan sa moun nan te di a? Gen kèk estrateji pou pran bonjan nòt pou ou kapab pran anpil pawòl. Apre entèvyou, fòk ou kouri jwenn yon òdinatè oswa ekri entèvyou antye a. Chak minit memwa nou pèdi detay. Si moun nan di yon pawòl ki enterese nou anpil, nou gendwa mande li pou li repete l. Nan ka sa a nou kapab di li enpòtan anpil pou nou pran tout sa a moun nan ap di.



Sa ki pi fyab se anrejistre vwa avèk mikwo. Se vre, gen yon tandans pou moun kapab pè pale nan mikwo. Se pa sèlman ann Ayiti ke pwoblèm sa yo poze. Men reyalyte peyi a rann travay la pi konplike. Gen de moun ki panse mikwo egal jounalis: kèk reponn nan rele anmwe, epi kèk moun di yo pa two enteresan. Nan plis pase 150 entèvyou mwen te fè nan kad rechèch li ann Ayiti, sa rive fèt yon grenn fwa kote yon moun te refize anrejistre vwa li (gen lòt ki pat menm akòde mwen yon entèvyou oswa yo rate rankont la). Men kèk konsèy:

- 1) **Pa prese.** Mwen te pase 20 mwa sou teren. Se te sèlman apre 14 mwa mwen te koumanse fè entèvyou. Konsa moun yo te vin genyen yon ti lide kiyès mwen yè. Yo te vin fè m konfyans paske konpòtman mwen ak aksyon mwen te demontre yon lespri pwofesyonèl epi li te kore tout sa mwen tap di. Mwen te jwenn yon retisans lakay kèk peyizan lè mwen te al sou teren pou rankontre kèk gwoup peyizan pou premyè fwa. Se sak fè omwens, mwen te vizite yo 2 fwa.
- 2) **Demontre respè.** Se vre, nou pat zanmi, epi sa pat objektif rechèch la. Men anvan moun nan ba nou enfòmasyon yo, fòk nou sonje se yon moun li yè. Moun nan gen yon listwa, yon fanmi, yon seri kapasite, mizik li plis renmen, e latrkiye. Epitou, se li menm menm ki ekspè nan sa nap diskite a: li gen opinyon pa l sou yon seri koze. Kidonk, menm si nou gen doktora epi nou ekri anpil atik / liv, chak fwa nap pale avèk yon moun pou yon entèvyou, nou dwe toujou sonje ke n ap aprann de moun nan. Li enpòtan pou nou bay moun nan garanti ke non li pap site epi sa lap di yo ap rete sekre. Sa rele konfidansyalite.
- 3) **Rann moun nan alèz.** Demontre yon anvi pou n aprann. Fòk nou alèz ak mikwo. Fòk nou kwe nan rechèch nou. Epitou nap bwase yon seri sijè anvan nou parèt ak mikwo. Kèk lè nou ka koumanse pa yon blag oswa yon sijè komen ki pagen rapò ak rechèch la, tankou chante kanaval ki vehikile. Chita sou menm nivo oswa yontikal pi ba. Gade nan je. Achte yon ti akra, bonbon. Mande si yo alèz. Se jès ki enpòtan men fòk nou sensè.
- 4) **Chèche siy yo anvi pale.** Lap koumanse ri, lap pale pi lontan lap chita dwat, lap gade n nan je n. Epi lè nou pre pou koumanse, lè lòt moun nan montre yon anvi pou pale. menm lè li koumanse, di moun nan ki enpòtans chak pawòl li di genyen pou nou. Lè sa a montre mikwo a. Gen anpil fwa moun nan li menm gen yon istwa pou pataje, tèlman li anvi pale, li pran mikwo a nan men nou.

Dapre esperyans mwen, mwen kapab konstate ke moun ann jeneral anvi pataje istwa lavi l, konesans pa l, sajès pa l, pwennvi pa l. Se pa tout moun ki anvi tande. Se pa tout jou yon moun mande pou sajès pa l. Imajine kontèks kote nan lavi pal, konbyen fwa li jwenn mesaj ke li pa gen enpòtans? Ke li pa yon moun tankou tout moun?

Sa ka rive, malgre tout jefò, moun nan toujou pa aksepte patisipe. Kanmenm, li enpòtan pou remèsye moun nan pou tan l, epi demontre yon respe pou li. Li enpòtan pou sonje kontèks la: sitou apre 12 janvyè gen yon pakèt rechèch ki fèt, sitou nan kan yo. Kisa lòt rechèch yo te pote pou popilasyon an? Èske moun nan tire yon benefis dirèk poutèt patisipasyon pa l nan yon rechèch? Nan ka sa, li enpòtan pou idantifye nou, demanti ke nou travay ak yon enstans ki pote èd.

Nan entèvyou a, fòk nou bay moun lan anpil atansyon.

Epitou menm lè nou anrejistre pawòl moun lan, fòk nou toujou pran nòt. Premye rezon an se: nou kap pèdi valiz nou. Dezyèm rezon an: nòt nou pran yo kapab ede nou konplete sak pa kle nan anrejistreman. Epitou nouvo ipotèz kapab parèt nan dyalòg ak moun nan. Pou fini, ou kapab note lòt pawòl ki pa soti nan bouch li.

Kèk nan pi bon kesyon pou koumanse poze se *kijan ou yè, kijan wap viv oswa kijan bagay yo yè?* Se kesyon sa yo moun nan pi byen plase pou reponn. Epi kesyon sa a pral pèmèt lòt moun nan dirije konvèsasyon an, pran pawòl. Epitou ou kapab wè si moun nan tèlman gen yon anvi pou pale osnon li timid. Konsa nou gendwa fini anvan poze lòt kesyon, oswa pa anrejistre konvèsasyon an.

Si moun nan santi li gen pawòl, sèl travay se pou ajoute yon ti pwèn anplis. Depi ou poze kesyon istwa lavi epi ou gen kesyon sou nivo ledikasyon, oswa kilè li rantre Pòtoprens, se posib li deja reponn. Note repons la nan kaye a. Si ou ta bezwen plis detay ou kapab site repons la, epi mande l pou l ale pi lwen. Si nou enterese ale pi lwen, youn nan estrateji se repete denye fraz moun nan te di a. Konsa nap demontre ou koute l avèk anpil enterè.

Menm prensip la egziste tou sou lòd kesyon yo epi kijan yo fòmile yo. Nan yon dyalòg, plis kesyon an pi kle, mwens nap bezwen eksplike sa nou vle di a. Li ta pi bon pou nou koumanse nan koze jeneral epi presize lè entèvyou a ap vanse.

Le nou fin poze kesyon nou te prevwa yo i, li ta toujou bon pou nou mande moun nan si li gen lòt bagay li anvi pataje oubyen poze kesyon.

Aprè rankont la fini, remèsye moun nan pou tan li. Yon lòt fwa ankò raple moun nan kisa rechèch la ap abouti, kisa w pral fè avèk entèvyou a.

Entèvyou ouvè pèmèt nou jwenn plis detay sou fenomèn ki enpòtan. Gen yon seri kesyon – tankou pèsèpsyon popilasyon, konesans oswa definisyon moun genyen, kijan moun yo viv, kijan moun yo konstate yon fenomèn – ki pa ka vreman fèmen nan repons jis pou fè chif. Dezavantaj li se difikilte ki genyen sou plan teknik epi sou plan relasyon ak moun yo. Pou gen yon bonjan transkripsyon mo pa mo entèvyou a, sa pran anpil tan, ki vle di anpil mwayen.

#### **ANN PRATIKE!**

*Fè yon entèvyou avèk yon moun: kontakte li, pale avèk li sou rechèch w, epi pran yon rankont. Rann moun nan alèz epi fè yon ti pale avèk li pou kèk ti tan, omwens 15 minit. Sèvi ak yon mayètòfòn epi yon plim ak kaye menm tan. Apre entèvyou fini, tape transkripsyon an.*

#### **Entèvyou fèmen:**

Moun plis rele metòd sa a yon “kesyonè” oswa yon “ankèt” poutèt se youn nan metòd pi rapid, pi dirèk, epi plis pare pou fè estatistik. Kidonk, se metòd sa a plis moun rekonnèt, se metòd plis moun chwazi pou fè rechèch.

Kisa yo rele yon kesyon “fèmen”?

Yon kesyon fèmen se yon kesyon ki pare pou fè chif. Ou “fèmen” kantite repons yo. Pa egzanp, *kijan ou yè?* kapab gen yon pakèt repons. Men pou ou fè chif avèk li ou ap mete yon seri chwa pou repons moun nan, tankou: a) mwen byen, mès; b) mwen la; ch) m pa pi mal; d) m pa bon menm. Li ta preferab pou kenbe yon chwa ki rele “lèt” – poutèt ou pat prevwa yon seri repons. Epi nan gid/zouti pou fè entèvyou “kesyonè” – ou prevwa yon ti espas pou ou kapab ekri repons lan.

Kijan nou konnen kòman pou fèmen repons yo? Kijan nou kapab prevwa repons moun ap bay nan yon ankèt? Sa mande anpil nan popilasyon an, nan mitan manm mouvman an akòganizasyon de baz yo, oswa anpil eksperyans sou teren. Pètèt ou deja travay nan yon katye popilè. Oswa ou te fè yon premye etap obsèvasyon nan kad menm rechèch.

*Menm si ou deja gen anpil eksperyans, li toujou pi bon pou fè yon pre-ankèt. Ale sou teren epi mande kesyon nan yon fòm ouvè. Pratik sa a valab pou tout entèvyou: èske kesyon an nan yon lòd ki korèk? Èske li fòmile nan yon fason ki tout moun kapab konprann kesyon an?*

Yon ti presizyon: ou gendwa kenbe kesyon yo nan fòm òdinal lè nou ale sou teren, epi lè nou ap analize nou òganize done yo pa franch daj, pa egzanp.

Sonje pwovèb la di: *tèl lè, tèl la repons*. Li enpòtan anpil pou nou sonje jan nou fòmile kesyon yo se jan repons yo yè. Pa egzanp nou gendwa poze kesyon ke moun yo pa ka anmezi pou reponn, swa li manke detay, swa li sèvi ak konsèp ki pa klè, swa langaj pa apwopriye parapò a nivo edikasyon moun yo (èske moun ki pat ale lekòl sèvi ak konsèp “ejemoni,” pa egzanp?), oubyen swa moun nan pa gen enfòmasyon pou reponn ak kesyon an.

Ann gade kèk egzanp yon kesyon ki manke klè:

*Èske ou patisipe nan pwogram ONG a?*

*Èske yo distribye èd plizye fwa?*

*Ou rete nan kan sa a lontan?*

*Èske se pa fanmi, pou kont w, oswa lòt moun ki touche èd ki vin bò isit?*

*Nan kad kanpay sansibilizasyon kont kolera, èske ONG MSF Frans fè plizyè aktivite?*

Ki pwoblèm ka rive lè nou poze kesyon konsa? Pou koumanse, “patisipe” vle di yon pakèt bagay. Lefèt ke mwen jwenn – yon grenn fwa – yon ti sak diri, èske sa vle di mwen “patisipe” nan pwogram nan? Gen moun ki kapab di wi, lòt moun kapab di non. Dezyèm kesyon an gen yon pakèt pwoblèm: kiyès ki “yo” sa? Kisa “èd” vle di? Epitou, yon moun kapab pa anmezi pou reponn kesyon konsa poutèt yo pa nan kan an toutan. Pito w mande kesyon li kapab reponn. Èske w konn resevwa... pou fini, lè kesyon an fòmile konsa: “plizye fwa” – ap mete moun nan an konfizyon. Si yon ONG pote èd yon grenn fwa, kijan moun nan kapab reponn ak kesyon an? Pito nou poze 2 kesyon, èske te gen distribisyon èd dabò, epi apre, konbyen fwa? Nou pa bezwen site tout pwoblèm, men ann pale sou twazyèm kesyon: kisa lontan vle di? Pou mwen, depi m rete nan kan sa a 2 mwa, mwen kapab konsidere sa a “lontan” epoutan yon lòt moun kapab konstate li pa twò lontan. 2 denye kesyon yo egzije moun kap reponn kesyon nan pou fè yon analiz epi mete yon klasifikasyon. Sa ka rann repons la two konplike epitou chak grenn moun kapab gen yon lòt fason pou klasifye repons lan.

Jan yon kesyon poze kapab enflyanse repons li. Pa egzanp, lè nap mande *èske ONG pa janm vini... oswa èske komite a vle ede popilasyon an tout bon*, sa deja oryante repons yon jan; kesyon yo pral twò negatif. Denye a se metòd nou kapab rele tripotay. Si m pa nan komite, kijan m kapab anmezi pou reponn sou entansyon moun. Sa se pale anpil, li pa syans. Si ou poze l konsa *dapre sa w konnen, èske aksyon komite a demontre yon volontè pou ede popilasyon an*, moun nan pral anmezi pou reponn li.

Epitou gen lòd pou poze kesyon yo. Ou pa ka mande, *ki responsabilite MINUSTAH anvè viktim kolera* anvan ou poze, *se kiyès ki pote kolera ann Ayiti?* Nan lòd sa a, repons moun nan pou premye kesyon an pral dirije repons pou dezyèm nan: poutèt ou deja lonje dwèt sou MINUSTAH, moun nan ap plis reponn “MINUSTAH.” Epi li tap pi byen si nou fin ak youn koze anvan nou koumanse poze kesyon sou yon lòt.

Sou varyab demografik yo – ki vle di, sèks, relijyon, laj, kouch sosyal – fòk nou gen bonjan endikatè. Pa egzanp, pou “kouch sosyal,” kijan nou pral poze kesyon an? Èske ann Ayiti ou kapab mande moun nan konbyen kòb li ap touche pa mwa? Sonje kontèks la: ta ka genyen lòt

moun ki ap veye nou lè nou pale. Aktivite ekonomik kapab ale pi lwen, men èske li enpòtan pou detaye si yon moun se mèl lekòl oswa yon pwofese? Konbyen pwofesyon ki ka egziste konsa? Si moun nan gen pwofesyon men aktyèlman li nan chomaj, kisa pou l reponn? Pou n pa pèdi anpil tan, se nivo ledikasyon epi katye kote li rete ki kapab pi vit pou sitiye kouch sosyal moun nan.

Pou site yon lòt egzanp, èske yon moun kapab toujou di nou kareman li konn sèvi lwa? Pou moun ki ale legliz katolik dimanch maten, epi ki frekante yon peristil lannwit, ki relijyon moun nan? Epi si nou poze kesyon senp konsa: *ki relijyon ou*, yon moun gendwa di “batis,” “batis konsèvatris,” “pankotis,” “pwotestan,” oubyen “kreyen.” Yo tout ka valab. Epi ou pral retounen menm kote demen an epi menm moun gendwa bay yon lòt repons. Sa pa vle di se manti li bay, men se paske konsèp la li menm manke klè. Eksperyans montre youn nan fason ki pi kout se: èske ou se yon katolik? Si moun nan se yon batis, ou rele tèt li “kreyen” men li pa katolik, li pral di non. Nou pap pèdi nan detay yo si nou pa bezwen yo. Se menm lojik ak fason pou sitiye kouch sosyal, pou yon ti koutje nan yon kesyone, fòk nou pa pran twòp tan. Tout sa a depann de objektif rechèch la; si nap etidye relijyon an menm, fòk nou pi detaye.

Sou tout kesyon, li ta pi byen pou nou fè yon tès. Èske tout kesyon yo valab? Èske yo fòmile jan yo merite fòmile? Èske langaj la apwopriye? Èske repons nap pwopoze se sa n bezwen? Èske nou anvizaje tout kalte repons posib lè nou bay chwa pou reponn?

Kèk prensip ki pou fè travay la mache pi byen: sonje moun nan okipe nan aktivite li. Se tan li ap ban nou, tan ki gen enpòtans pou moun nan. Sa vle di, pa poze 20 kesyon si 10 kapab sifi. Epiou plis kesyon ap fè nou gen mwens moun pou reponn.

Men sonje byen, sa pa vle di prese. Menm avèk yon entèvyou fèmen, se toujou yon moun ki pale avèk nou. Fòk moun nan kapab konprann objektif travay la, fòk moun nan kapab idantifye nou menm ki ale sou teren an, epi fòk moun nan kapab alèz pou pale fran. Sinon, nou kapab pale pou 2zèdtan san jwenn enfòmasyon ke nap bezwen.

Sak pi enpòtan se respe. *Bouch manje tout manje...* ou kapab demontre respe nan jan ou konpòte w, jan w kanpe, jan w salye moun, jan je w fikse sou moun nan, elatriye.

Avantaj metòd entèvyou fèmèn chita sou 2 aspè: li kapab jwen chif pou fè yon analiz estatistik. Vle pa vle, chif se langaj pouvwa, se langaj politik. Epitou li pi rapid: li pran mwens tan pou ranpli yon entèvyou fèmèn ke yon entèvyou ouvè. Kidonk, li pi fasil pou jwenn yon kantite.

Febles metòd sa a, se jan nou fòmile kesyon ak repons yo. Si nou poko byen enfòmè de fenomèn nap chache a, epi si nou site kèk egzanp pou chwa pou repons yo, kapab gen lòt repons ki pi enpòtan pou moun yo. Done sa nap jwenn yo se sa nou te sible. Li enpòtan anpil pou gen yon echantyon ki reprezante popilasyon an. Si nou pa konsidere divès kalite moun, epi se sèlman inivèsitèz kapab reponn kesyon sa yo, nou pa kapab di men kijan pèp ayisyen wè yon fenomèn. Pou fini, metòd sa a pa kapab plis pase yon koutje: poutèt repons la limite, gen yon seri nyans ki pap ka janm parèt.

#### **ANN PRATIKE!**

*Ekri yon seri kesyon fèmèn, nan yon lòd ki korèk, asire kesyon yo byen fòmile. Montre yon kòlèg li pou korije jefò sa a. Fè koreksyon yo.*

*Pase entèvyou avèk 5 moun. Note repons sou kesyon. Epi note ki kote moun yo te gen difikilte. Apre repons yo, pwopoze yon seri chwa pou moun yo.*

*Epi korije kesyon parapò ak kesyon ki te parèt two difisil pou reponn oubyen li te two vag, konplike, oubyen fè moun sezi.*

#### **Entèvyou demi-ouvè**

Metòd sa a konble fòs de entèvyou sa yo (ouvè ak fèmèn): li poze kesyon ou prepare sou kèk koze espesifik, pote yon klarifikasyon epi presizyon tankou entèvyou fèmèn, alafwa li bay moun ki reponn ak entèvyou yo chans pou pale jan yo vle, nan pwòp langaj pa yo, tankou entèvyou ouvè.

Antanke yon metòd ki melanje toude pi wo, swiv menm lojik ak konsèy pou fè yon bonjan entèvyou.

## **VI. ANALIZ**

Angwo, gen 2 kalite analiz: kantitatif epi kalitatif. Tout depann de done nou genyen epi ipotèz / endikatè – fòk tout done makonnen ak yon ipotèz avèk yon lojik byen detèmine.

Li enpòtan pou raple: si nou rive jwenn enfòmasyon ki anile ipotèz nou, oswa poze yon lòt ipotèz pito, nou oblije rapòte tout done nou genyen epi admèt ipotèz nou pa t korèk. Se konsa konesans imanite a pral vanse. Yon moun pa dwe pè. Si nou te byen defini tout tèm, ankadre tout endikatè, fè yon bonjan seleksyon, ale sou teren pou verifikasyon kesyon anvan kolekte done yo, se sa nou genyen. Li fèt souvan: nan yon ankèt sou kijan popilasyon wè prezans MINUSTAH ki te fèt nan Out 2011, mwen te panse klas mwayen nan ap pi dakò pou prezans MINUSTAH nan peyi a paske se nan enterè klas dominant yo ke yap travay pou “estabilite” peyi a. Lè nou ale sou teren, nou rive jwenn ke se moun nan katye popilè ki pa gen gwo nivo ledikasyon ki pi dakò ak prezans MINUSTAH. Nou te blije admèt sa a epi poze yon nouvo seri ipotèz, pa egzanp ti pèp la dakò ak nenpòt kiyès ki bay yon mòso sekirite oswa se MINUSTAH ki pote plis travay nan peyi a. Se posib tou pou fè yon analiz pi pwofon ak chif yo, epi poze tèt nou kesyon sou metodoloji nou.

## **ANALIZ KANTITATIV**

Fò n kle: done nou genyen – tou detaye – se sa nou kapab site epi analize. Chif yo pap ka pale pou kont li. Fòk toujou gen entèpretasyon. Pa egzanp, depi yon edikatè kouch sosyal se nivo ledikasyon, epi se sèlman sa ki genyen, nou kapab di nivo ledikasyon fè tèt diferans nan repons sou kesyon yo. Epi nou kapab konstate, apati de sa a, repons sou tèt kesyon yo varye parapò ak “kouch sosyal.”

### **Frekans**

Sa k pi senp se yon chif senp, yon gren varyab pou kont li. Sa rele **frekans**. Pa egzanp, konbyen kan nan Pòtoprens ki gen dlo? Konbyen twalèt ki genyen? Nan rechèch nou te fè ak yon ekip etidyan nan Fakilte Etnoloji nan ete 2010, nou rive jwenn enfòmasyon se 59,5 % kan ki gen dlo, epi 70,3 % ki gen yon twalèt. Vale varyab sa yo se binè: wi oswa non.



Depi nou gen lòt chif (òdinè) tankou kantite twalèt epi popilasyon nou kapab fè yon kalkil, yon pousantaj, pa egzanp nan mwayen konbyen moun pataje yon twalèt nan Pòtoprens? Nan rechèch pa nou ete 2010 nou rive jwenn chif 273 pataje twalèt nan kan nan zòn metwopolitèn nan.

Si gen valè entèmedyè nou kapab bay yon konparezon pousantaj popilasyon ki nan ekstrèm. Oubyen nou kapab kole tout repons ki gen tandans “wi” ak tout tandans ki di “non.” Pa egzanp, nan yon echantyon 800 moun nan 4 katye nan Pòtoprens (2 katye “miks” epi 2 katye popilè), sou repons kesyon, *ann jeneral, èske ou kapab di prezans MINUSTAH nan peyi a se yon bon bagay?* nap jwenn 8,7 % moun ki di yo “wi a 100%” malgre gen 23,3 % moun ki di “pa ditou.” Epi nou kapab konpare tandans pou “wi” vin 24,2 % epi 40,9 % ki gen tandans pou di “non.” Kote rès popilasyon nan frekans sa a?

Fòt nou te fè nan kolekte done se nou kenbe yon valè nan mitan “nan mwatye” – ki vle di ni wi, ni non. Dapre chèchè sikolog **Likert**<sup>13</sup>, nou pa sipoze bay moun yon chwa nan mitan, ki vle di ann franse “neutre.” Si nou bay chans, sitou si moun kap reponn ak kesyon pa two alèz oubyen kesyon yo yontikras sansib, pifò moun pral kouri jwenn mitan an. Vle di, yo ap chwazi pa pataje vre santiman yo.

Si kesyon fèmen mete yon chwa, nou kapab fè frekans. Pami tout aktivite ekonomik nan 800 fanmi nan yon ankèt ete 2011, nou rive jwenn 56,9 % popilasyon ki te nan komès anvan 12 janvye, epi 29,6 % apre 12 janvye. Ki vle di, preske yon mwatye pèdi aktivite kòmès apre 12 janvye. Nan chèche konnen kisa sa vle di, kisa ki fè mwatye timachann pèdi kòmès, fòk nou poze yon ipotèz. Nou kapab site kèk, tankou: depi moun yo ki anba tant pèdi kay, yo pa kapab sekirize machandiz yo. Se posib tou pou popilasyon ki nan ekstrèm bezwen devan yon ekip etidyan inivèsite pran yo pou yon ONG, malgre tout jefò epi tout idantifikasyon. Epi pètèt kèk nan moun te wè si yo di wi, yo gen kòmès, yon ONG pap bay èd. Vle di, fòk nou entèprèt tout chif nan yon rezilta.

## **Korelasyon**

---

<sup>13</sup>RENSIS Likert. (1903 - 1981) psychologue américain connu pour son apport à la psychométrie et à la mesure des

Pa dwe genyen yon seri varyab endepandan nan yon rechèch. Men depi kesyon rechèch koumanse avèk mo tankou *ki enpak, ki rezilta, ki konsekans...* sa ap egzije yon varyab endepandan: ki enpak A sou B?

Konsa nou kapab fè yon “korelasyon” – nou kapab kwaze varyab depandan ak varyab endepandan. Gen yon lojisyèl ki rele SPSS (plizye fakilte gen aksè lojisyèl la) ki fe sa a fasil. Epi SPSS kapab kwaze yon varyab depandan ak plizye varyab endepandan alafwa, pou wè se ki varyab rete pwisan pou enfliyanse varyab depandan yo.

Pou pran yon egzanp rechèch ete 2010, nou te vize 4 varyab endepandan: mèt tè (prive oswa piblik), ONG kap jwe wòl antanke mannadjè kan (wi, non), komin (santral, izole, ak Site Solèy), epi longè kan: pi piti (rive 100 fanmi), mwayen (100-400), gwo (400-1000), epi pi gwo (1000+). Nou te kwaze tout varyab endepandan (klinik, dlo, latrin, etsetera) ak 4 varyab sa yo.

Poutèt nou te kenbe valè pou longè kan an chif (òdinè), nou te kapab eseye gade si gen yon limit – pa egzanp, ti kan pi piti pa gen sèvis epi pi gwo gen anpil. Nou fè anpil analiz, men varyab endepandan sa a pat janm kapab pouse okenn varyab depandan. Ki vle di, li pa gen sans.

Pa kont, lè nou kwaze lòt varyab endepandan sa a, nou jwenn anpil korelasyon ki gen sans. Pa egzanp, kan ki nan yon komin santral (Pòtoprens, Petyonvil, Delma, Taba) gen plis sèvis de baz: lasante, ledikasyon, dlo, epi latrin pase Site Solèy epi 2 komin izole (Kafou ak Kwadebouke). Nan mwayen, yon kan nan yon tè prive gen mwens sèvis pase kan ki chita sou plas piblik. Sa ki rete pi pwisan, ki pouse menm lòt varyab endepandan yo, se ONG ki “Mannadjè” kan. Depi gen yon ONG ki pran yon kan ann chaj, li kapab fè yon diferans – menm kan ki lwen oswa nan Site Solèy.

### **Kijan pou fè yon analiz estatistik?**

Depi w gen aksè yon òdinatè, li senp: kreye yon baz done nan Excel oswa SPSS. Gen plis òdinatè ki gen lojisyèl Excel ladann, epi li pi fasil pou pwograme l epi fè koreksyon. Men lè ou fini, si w bezwen fè yon analiz korelasyon, pou wè si li gen sans (rete siyifikatif), pito nou transfere done yo nan lojisyèl SPSS la.

Depi w pa gen aksè òdinatè, ou kapab fè sa avèk yon papye ak yon plim. Premye travay se ekri yon tab ki gen tout varyab endepandan ou yon kote (chak nivo) epi lot aks mete tout varyab depandan yo (chak kolonm), konsa:

	Gen dlo nan kan?	Gen latrin?	Chak kilè li netwaye?	Gen sant sante?
Mèt tè a				
ONG mannadjè				
Komin				
Longè kan				

Kounye a nou kapab divize tablo a parapò ak valè / repons sou kesyon yo, konsa. Pou koumanse, ann ajoute valè pou varyab depandan konsa:

	Gen dlo nan kan?		Gen latrin?		Chak kilè li netwaye?*					Gen sant sante?	
	WI	NON	WI	NON	1	2	3	4	5	WI	NON
Mèt tè a											
ONG mannadjè											
Komin											
Longè kan											

\*Pou repons kesyon *chak kilè li netwaye*, gen 5 valè: 1 se chak jou, 2 se chak 2-3 jou, 3 se chak semenn, 4 se chak mwa, 5 se plis pase chak mwa

Epi kounye a mete plis valè sou varyab endepandan yo, konsa:

		Gen dlo nan kan?		Gen latrin?		Chak kilè li netwaye?*					Gen sant sante?	
		WI	NON	WI	NON	1	2	3	4	5	WI	NON
Mèt tè a	Prive											
	Leta											

ONG mannadjè	WI											
	NON											
Komin	Santral											
	Izole											
	Site Solèy											
Longè kan	Pi piti											
	Mwayen											
	Gwo											
	Pi gwo											

Kounye a nou kapab pare pou mete valè ladann. Chak ka ou ekri yon tik, jiskaske ou fin ranpli tout kesyone ou genyen. Pa egzanp, tèl kan se nan tè prive, ki pa gen ONG ki mannadjè li, ki nan komin santral, epi li pi piti.

Nan repons sou varyab depandan, li pa gen dlo, li gen latrin, men li pat janm netwaye depi 12 janvyè, epi pa gen sant sante. Pou egzanp sa a, nou kapab ranpli konsa:

		Gen dlo nan kan?		Gen latrin?		Chak kilè li netwaye?*					Gen sant sante?	
		WI	NON	WI	NON	1	2	3	4	5	WI	NON
Mèt tè a	Prive		X	X						X		X
	Leta											
ONG mannadjè	WI											
	NON		X	X						X		X
Komin	Santral		X	X						X		X
	Izole											
	Site Solèy											
Longè kan	Pi piti		X	X						X		X
	Mwayen											
	Gwo											
	Pi gwo											

Aprè ou fin ranpli tout kesyone nou kapab konte chif ki genyen. Kounye a nou kapab wè si yon varyab endepandan gen sans – vle di li pouse varyab depandan yo. Ann gade yonegzanp:

		Gen dlo nan kan?	
		WI	NON
Mèt tè a	Prive	35	35
	Leta	25	5

Depi nou rive jwenn chif sa yo, ann fè yon analiz korelatif. Pou koumanse, konbyen kan gen dlo? Fè yon kalkil. ( $35 + 25 = 60$ ) Sa fè 60 kan ki gen dlo. Konbyen kan pa gen dlo? ( $35 + 5 = 40$ ) Sa fè 40 kan ki pa gen dlo. Konbyen kan ki nan popilasyon an ann total? ( $60 + 40 = 100$ ).

Kidonk, pou frekans ann jeneral se ki pousantaj kan ki gen dlo? Se konsa:

*Èske gen dlo nan kan an?* Global (n = 100)

$$WI = 60 (60 / 100 = 60\%)$$

$$NON = 40 (40 / 100 = 40\%)$$

Sa vle di frekans pou popilasyon ann global se 60%.

Men depi nou dekolè popilasyon nan 2 gwoup sou baz varyab endepandan, nou rive jwenn 2 kalkil.

*Èske gen dlo nan kan an?* Tè prive (n = 70; 35 + 35 = 70)

$$WI = 35 (35 / 70 = 50\%)$$

$$NON = 35 (35 / 70 = 50\%)$$

*Èske gen dlo nan kan an?* Tè piblik (n = 30; 25 + 5 = 30)

$$WI = 25 (25 / 30 = 83\%)$$

$$NON = 5 (5 / 30 = 17\%)$$

Kidonk, lè nou gade ki enpak varyab endepandan sa a (*mèt tè*) genyen, nou kapab gade l. Pou popilasyon ann jeneral, se 60% kan ki gen dlo. Men pou tè prive, frekans la se 50%, tandiske pou tè piblik, tò a vin 83%. Konsa nou kapab konstate varyab endepandan tèlman gen pwisans pou enfliyanse varyab depandan an.

Men depi diferans ki genyen ant 2 popilasyon (oubyen 4, si gen 4 tip kan parapò a konbyen moun rete la) pa twòp, epi li pa two diferan pase frekans pou popilasyon, nou kapab konstate ke varyab endepandan an pa two pwisan.

Se nan lojisyèl SPSS nou kapab verifye si varyab endepandan an “gen sans” (rete siyifikatif). Kòm nou di piwo, avèk SPSS nou kapab kwaze 3 oubyen plis varyab nan menm fwa.

Men pou sèvi ak SPSS, fòk nou konprann lojik la. Eitou nou kapab fè yon bon analiz korelasyon (korelatif) avèk papyè, plim, ak yon kalkilatri (pifò selilè gen sa a ladann l).

## **ANALIZ KALITATIV**

Si done yo kalitatif, tankou: imaj, mò, pawòl, deskripsyon, entèvyou ouvè, etsetera, gen plizye fason pou fè yon analiz. Ann jeneral gen 3 tip analiz kalitatif:

- Lengistik
- Definisyon
- Klasifikasyon

### **Lengistik**

Se lè ou pran chak grenn mo epi gade pi lwen ki sans moun yo bay mo yo. San site tout fason pou fè analiz, nou kapab gade frekans yon tèm nan yon pawòl, tankou “Clinton.” Epi nou kapab gade mò ki kole avèk li: “gouvènè jeneral,” “CIRH,” oswa “Nasyonzini.” Konsa, nan yon tèks byen detèmine, nou kapab wè si konsèp la gen yon korelasyon avèk lòt tem. Nou kapab gade kijan. Epi nou kapab gade ki sans/ definisyon mo a genyen. Gade egzakteman kisa moun nan di nan yon entèvyou: èske yo di “koupe fache” oswa “pa dakò”? Gen yon nyans ki enpòtan nan sans de mo sa yo.

Epi li ta enpòtan pou gade kilè nan yon entèvyou yon moun koumanse pale franse, epi kilè yo retounen pale kreyòl natif natal. Yon analiz lengistik mande, kisa ki dèyè chanjman lang nan? Ann franse, konsèp rele “diglosse.” Pa egzanp, yon moun “pale franse” lè yo bezwen kache santiman, oswa pou demontre yo konprann yon bagay.

### **Definisyon**

Sa lye ak yon analiz lengistik men li plis chita sou konsepsyon moun. Nou gendwa gade jan yon moun defini yon tèm. Pa egzanp, kisa “patisipasyon” vle di? Ki mò yo sèvi pou bay definisyon yon ONG? Ki adjektif yo itilize? Nan ki lòd? Kisa ki gen plis frekans?

Oubyen gen yon kesyon dirèk ant kijan moun yo konstate yon tèl fenomèn. Al gade pi devan pou wè langaj. Lè nou mande yon moun pou presize ki diferans ki genyen ant yon ONG ak yon “òganizasyon,” pawòl la enpòtan anpil. Gen kèk mo ki gen yon sans negatif, epi kèk mo ki gen yon sans pozitif.

Nan toulede, sitou nan definisyon, li tap bon pou gade diferans nan repons moun yo epi kijan yo simile. Kounye a nou kapab fè yon klasifikasyon.

### **Klasifikasyon**

Pa egzanp, lè nap gade tout ansanm de repons sou yon tèl kesyon nan entèvyou, nou kapab klasifye yo: gen 2, 3, 4, oswa 5 (oubyen plis) gran liy de repons sou yon kesyon, definisyon / konsepsyon / san yon mo tankou “ONG” oswa “MINUSTAH.” Se pou nou menm chèchè pou ekri klasifikasyon, pou wè kijan yon seri repons kalitatif sanble youn ak lòt. Pa egzanp, “pou mwen, komite kan yo se pòch prela, se regle zafè pa yo” pa two diferan pase “mwen pa two renmen komite, se paske se tankou yon biznis.” Ou kapab kole tout repons pou yon kesyon konsa epi bay yon kad ki di “zafè” oswa “biznis.”

### **Korelasyon**

Depi nou gen sa ki rele varyab endepandan, paske kesyon rechèch koumanse avèk fraz, *ki konsekans...* fòk nou degaje nou kanmenm pou fè yon analiz korelasyon, menmsi done nou genyen pou varyab depanndan pa janm nan chif. Pa egzanp, èske benefisyè yon pwojè ONG wè yon fenomèn menm jan ak yon gwoup kontwòl? Pa egzanp, èske yo gen plis oswa mwens konfyans ant swadizan komite? ONG ann jeneral? Leta?

Yon lòt egzanp, èske gason gen menm definisyon sou “vyolans kap fèt sou fanm” pase fanm?

Kijan nou kapab fè yon korelasyon ant varyab endepandan (popilasyon benefisyè tèl ONG, jenn, fanm, andikape, moun ki pat ale lekòl) epi varyab depanndan ki 100% kalitatif?

Se menm jan ak demach pou touletwa analiz kalitatif. Sèl demach pou ajoute se ekri yon seri de vale sou varyab endepandan nan yon vèsò yon papyè, tankou “fanm” “benefisyè” “granmoun” elatriye: sa ki nou tap chèche konnen? Kisa ki enpòtan pou nou konprann? Kisa ki kole ak ipotèz nou yo?



Nan rèkto papye a ki gen yon seri repons sou yon entèvyou pa egzanp, koupè l pou li vin yon grenn done, pa egzanp repons sou kesyon *kijan sitiyasyon pou moun nan kan ap evolye*, oswa *kijan nou evalye èd ki te vini nan kan*, oswa *dapre ou menm, kisa “patisipasyon” vle di?* Vle di, li vin tankou yon kat pou jwe. Nan vèsò papye li gen tout varyab ladann.

Jwe avèk kat yo pou òganize yo ant gwoup varyab endepandan yo: mete repons gason akote, repons fanm yon lòt kote. Si gen 3 tranche laj, nou pral gen 3 pil.

Kounye a fè menm jan, chèche konnen ki diferans ki genyen nan chak pil? Ki jan repons yo simile? Èske ou kapab gen fè yon klasifikasyon? Apre sa a, ann konsilte diferans ant pil ou genyen. Kounye a ou pare pou konstate si fanm yo gen yon lòt definisyon pou “vyolans kap fèt sou fanm” oubyen si benefisyè gen yon lòt pèsepsyon pou efikasite epi egalite nan zafè distribisyon.

## ANNEKS 1: ECHANTIYON

### *Elabore pa Michel Acacia*

*Anvan nou rive nan defini ak wè kijan yo met yon echantiyon kanpe, fò n wè kisa yo rele yon popilasyon. Nan langaj kouran, lè n tande pale de popilasyon nou wè moun: parekzanp, nou ka enterese konnen ki popilasyon peyi d Ayiti. Nou ka bezwen plis presizyon toujou: ki popilasyon chak grenn vil nan peyi a? Gen delè, se pa moun ki enterese nou, se bèt. Nou ka bezwen konnen ki kantite bèf peyi a genyen. Kit nou fè referans a moun, kit nou fè referans a bèt, depi nou ka sikonskri enfòmasyon an nan yon espas kèlkonk, n ap pale de popilasyon.*

*Men se pa tout. Nou gen dwa p ap chèche enfòmasyon sa a ni sou moun ni sou bèt, men sou lòt objè tankou lekòl, mache piblik oswa sipèmakèt. Nan ka sa a, se lekòl, mache piblik oswa sipèmakèt ki popilasyon an.*

*Popilasyon an lye ak objè detid la. Si m ap etidye Lise na Pòtoprens, popilasyon m lan se tout Lise ki nan vil Pòtoprens. Chak Lise vin tounen yon eleman nan popilasyon an. Anndan yon Lise,*

*mwen ka vize plizyè popilasyon: popilasyon profesè, popilasyon élèv. Kidonk, nou ka di: yon popilasyon, se nonb eleman nan inivè chèche a ap etidye a.*

*Men nou ka konprann, chèche a pa toujou gen aksè ak chak eleman nan yon popilasyon. Sipoze popilasyon chèche a, se moun (eleman) ki enskri nan biwo elektoral nan tout peyi d Ayiti. Deja gen twa (3) milyon enskri! Chak enskri, se yon eleman nan popilasyon chèche a. Pou l ta gen aksè a chak eleman sa yo, sa t ap mande anpil lajan ak tan chèche a pa dispoze; tan an, poutèt pa l, te ka fè etid la pèdi pètinans li. Eske sa vle di yon chèche pasa etidye popilasyon sa a? Non!*

*Kounyè a nou pare pou seleksyone eleman nan popilasyon pou n fè rechèch. Se kisa osnon kiyès ki pwal ladan rechèch la? Kijan nou pwal asire nou ke eleman ki seleksyone yo ap gen yon validite? Chèche a pwal sèvi ak yon pati, yon pòsyon nan popilasyon an. N ap di, nan yon langaj ki pi teknik, li pwal sèvi ak yon echantiyon nan popilasyon an.*

*Gen yon premye prekosyon pou n pran. Fòk chak eleman nan echantiyon an se anmèmtan yon eleman nan popilasyon an. Eleman echantiyon an ak eleman popilasyon an makonnen. Si sa pa fèt konsa, echantiyonaj la pa kòrèk.*

*Men se pasa ase ki ka fè yon echantiyonaj pa kòrèk. Sonje ke rezon ki fè nou sèvi ak yon echantiyon, se paske gen twòp problem nan eseye atenn popilasyon an epitou nou panse echantiyon an va pèmèt nou konprann popilasyon an. Echantiyon an dwe reproduwi popilasyon a de manyè ke karakteristik echantiyon an se karakteristik popilasyon an.*

*Annou pran yon varyab tankou relijyon. Yon chèche ka bezwen konnen ki propòsyon advantis, baptis, metodis, katolik, vodwizan, etc., ki genyen pami etidyan inivèsite dÉta d Ayiti. Li pa gen mwayen, osnon li jije li inefikas, pou l poze chak etidyan kesyon. Li sèvi pito ak yon echantiyon, sa vle di yon nonb  $x$  etidyan. Nonb etidyan sa a, se eleman nan echantiyon an e anmèmtan eleman nan popilasyon an. Eben, fòk chèche a seleksyone eleman pou echantiyon an yon jan pou yo reproduwi eleman nan popilasyon an. Sa ta vle di, propòsyon advantis, batis, metodis, katolik, vodwizan, etc., li jwenn nan echantiyon an, li dwe gen konfyans se menm propòsyon sa a popilasyon an genyen. Sa sanble maji? Anvan nou wè kijan sa fèt, ann wè ki erè nou dwe evite.*

### *Echantiyon non probabilis*

*Souvant fwa, echantiyonaj ki sanble l reprodwi popilasyon an pa reprezante l ditou. Echantiyonaj aksidantèl ak echantiyonaj volontè bay aparans echantiyonaj ki fèt o aza, alòske se pa sa.*

### *Echantiyonaj aksidantèl ak echantiyonaj volontè*

*Annou di yon chèchè bezwen konnen kiyès k ap ranpòte yon eleksyon ki pwal fèt. Li vle mennen yon sondaj elektoral. Sipoze li pèdi wòl li voye anketè nan kwen lari mande chak moun k ap pase pou kiyès li pwal vote. Rezilta l ap rekeyi a p ap koresponn ak reyalyite a. Yon anketè gen dwa te poste devan yon lokal kote yon pati politik te fèk gen yon rasanbleman osnon yon reyinyon. Chak moun ki sòti nan lokal la di l li pwal vote pou menm kandida a, sa ki gonfle rezilta a nan sans viktwa kandida sa a, fosman. Yon lòt anketè gen dwa pede ap mande moun ki pa gen kat elektoral pou kiyès yo pwal vote. Nou wè danje a. Echantiyonaj sa yo aksidantèl, yo bay aparans yo fèt o aza, e poutan se pa sa.*

*Se menm rezilta malatyong sa a nou jwenn nan echantiyonaj volontè. Nou abitye anpil ak echantiyonaj sa a atravè program Lib Tribin nan radyo: moun ki rele bay opinyon yo oswa preferans yo sou yon sijè, yon tèm osnon yon aksyon. Nou pa menm bezwen konsidere demach malonèt kote yo resevwa kòb pou yo fè sa. Menmkan se moun lan ki chwazi rele, pa gen anyen ki di li reprodwi entansyon d vot popilasyon vil kote li ye, alewè pou popilasyon peyi a.*

*Toulède echantiyonaj sa yo pasa janm gen plis ke yon valè tandansyèl ke chèchè a pasa mezire. Anpil fwa, yo pa gen valè ditou.*

### *Echantiyonaj probalilis*

*Sonje nou te pale de lyen ki dwe ekziste ant eleman echantiyon ak eleman popilasyon. Nan yon echantiyon probabilis, chak eleman nan popilasyon an dwe gen yon chans ke chèchè a konn*

*davans pou l figire nan echantiyon an. Gen de manman echantiyonaj probablis, menm si gen lòt ki pa gen menm degre pèfeksyon: 1) echantiyon san remiz; 2) echantiyon avec remiz, ke yo rele tou echantiyon aleatwa senp.*

*1) Echantiyon san remiz*

*Nan yon echantiyon san remiz, lè ou fin seleksyone yon eleman nan popilasyon an pou fè pati yon echantiyon (n a gentan wè kijan seleksyon sa a fèt), ou retire eleman sa a de popilasyon an. Kidonk, ou paka seleksyone menm eleman an de (2) fwa). Sipoze ke ou ap mennen yon etid sou etidyan inivèsite d'Eta, ononb de 26788. Ou vle pwize nan popilasyon sa a yon echantiyon kat san (400) eleman (etidyan). Premye etidyan ou seleksyone a gen yon chans sou 26788 (1/26788), dezyèm la yon chans sou 26787 (1/26787), twazyèm la yon chans sou 26786 (1/26786), e ensi d swit.*

*Se yon sistèm enstitisyon k ap bay prim promosyonèl itilize souvan, pase yo pa gen (gro) enterè nan pèmèt menm kiyan an ganyen de (2) prim. Chèchè itilize l tou lè popilasyon an laj anpil. Lè sa a, chans premye seleksyone a ak dènye seleksyone a prèske pa varye. Lè popilasyon an piti, e popilasyon etidyan pi devan an piti, chèchè jwenn pi bon rezilta nan seleksyone yon echantiyon avèk remiz, sètadi yon echantiyon aleatwa senp.*

*2) Echantiyon avèk remiz ou echantiyon aleatwa senp*

*Nan yon echantiyon avèk remiz, tout eleman nan popilasyon an toujou gen menm chans pou l fè pati echantiyon an. Kit se nan premye tiraj, kit se nan dènye tiraj, chak eleman popilasyon an gen menm chans li te genyen anvan tiraj pou l fè pati popilasyon an. Ann re pran ekzanp 26788 etidyan an. Ann kontinye sipoze echantiyon an se kat san (400) eleman (etidyan). Nan premye tiraj la tout eleman yo gen yon chans sou 26788 (1/26788) pou l fè pati popilasyon an. Apre chak tiraj tout eleman yo kontinye gen menm chans sa a. Pouki? Pase apre chak tiraj, eleman ki seleksyone a replase nan popilasyon an e li kontinye gen menm chans pou l seleksyone avèk eleman ki poko seleksyone yo. Avrèdi, se metòd ki rekòmande a, sitou lè nonm eleman nan popilasyon an piti.*

### *Mòd seleksyon eleman pou echantiyon*

*Sonje nou di gen de (2) manman teknik nan echantiyonaj probalis: echantiyon san remiz ak echantiyon avèk remiz (echantiyon aleatwa senp). Nan de (2) teknik sa yo, chèchè a gen pou l enimerere (konte) nonb eleman ki nan popilasyon an. Travay enimerasyon sa a, pi souvan se yon enstitisyon ki te gentan fè l pou li. An Ayiti, sa ta gen dwa Enstiti Ayisyen statistik, konsèy elektorak, osnon lòt lòt ganis k ap kolekte done.*

*Pou étidyan inivèsite d'État d Ayiti, sa pa ta dwe twò difisil; chèchè a dwe jwenn aksè epi adisyone diferan lis etidyan nan fakilte ak lekòl inivèsite sa a. Lè l li fin fè sa, li gen pou l nimerote yo. Nimerotaj la fèt an fonksyon kantite chif ki gen nan nonb total eleman popilasyon an. Nan popilasyon etidyan nou a, gen 26788 eleman. Se yon nonb ki gen senk (5) chif. Nan nimerotaj n ap fè pou etidyan yo, n ap gen 00001, 00002...00010...00100...01000, jouk nou rive nan 26788. (Si n te gen 6788 etidyan, nimerotaj la t ap: 0001...0010...0100, jouk rive 6788). Nimerotaj la varye depandaman de popilasyon an.*

*Tiraj la fonksyone kouwè yon lotri, swa ou sèvi avèk yon tab nonb aleatwa, swa ou sèvi ak yon program òdinatè. Etabli baz sondaj la, sètadi nonb eleman ki nan popilasyon chèchè a ap etidye a, se leplisouvan zafè yon enstitisyon. Menm lè enstitisyon konsène a bay chèchè a enfòmasyon sa a, se leplisouvan chèchè a ki pwal fè nimerotaj la. Sipoze Direksyon Sikilasyon baw non ak nimero plak li livre bay chofè motosiklèt pou lane 2011-2012. Ou ap gen pou konvèti nimero plak sa yo pou yo ka kadre ak nimerotaj ou a.*

### *Lòt echantiyonaj probabilis*

*Nan manman echantiyon probabilis nou sòt dekri yo, chèchè a bezwen yon baz sondaj, sètadi yon lis konplèt eleman ki nan popilasyon an. Li pa toujou posib pou yon chèchè jwenn konbyen eleman ki nan yon popilasyon, ni kijan pou l ta nimerote yo. Demach sa yo endispansab pou de manman teknik echantiyon probalis nou mansyone pi wo yo. Menm yon enstitisyon pa toujou kapab chifre yon popilasyon. Sa ki fè, chèchè a konn blije sèvi ak lòt echantiyonaj probabilis ki pa gen menm rigè avèk de (2) manman echantiyon probabilis nou sòt wè yo.*

### *Echantiyonaj areolè ou topografik*

*Echantiyon areolè ou topografik, se yon mòd echantiyonaj yon chèchè ka itilize san li pa gen baz sondaj. Chèchè a izole inite spasyal kote enfòmasyon l ap chèche yo ye; apre sa, li ka al dèyè eleman li bezwen yo. Demach la pati konsa: Angiz chèchè a enimere ak nimerote eleman nan popilasyon an, li enimere ak nimerote yon ansanb inite spasyal (jeografik); li pwize yon echantiyon nan inite spasyal sa yo e sètalò li pwize yon echantiyon, si sa nesesè, eleman ki nan inite spasya li te seleksyone yo. Yon lengwis k ap fè yon etid sou varyete langaj ka itilize reknik sa a. Jeolog, agronòm, antropològ, men alokazyon sosyològ itilize teknik sa a tou.*

### *Echantiyonaj sistematik*

*Yon echantiyon sistematik, se yon echantiyon kote chèchè a seleksyone eleman yo nan yon entèval regilye. Chèchè a gen dwa deside l ap seleksyone chak 20 kay nan yon zòn. Apre, li gen dwa, parekzanp, al enteroje chak chèfdemenaj nan chak kay ki seleksyone yo. Echantiyon sistematik la konsidere kòm yon echantiyon probabilis si: 1) premye eleman an seleksyone de manyè aleatwa; 2) si chèchè a ka bay garanti entèval regilye a p ap byeze rechèch la. Fò chèchè a itilize imajinasyon l. Gendelè, chèchè a ka blije chanje pwenn depa detanzantan, toujou de manyè aleatwa. Yon echantiyon sistematik kote premye eleman ki seleksyone a pa seleksyone de manyè aleatwa, se yon echantiyon non probabilis.*

### *Echantiyonaj stratifye*

*Sipoze yon chèchè ap mennen yon etid sou mòd konsomasyon popilasyon an. Li sispèk ke p ap gen ase Ayisyen dorijin arab, osnon alman, nan echantiyon l lan (e li ta renmen yo fè pati echantiyon an). Chèchè sa a ka fè yon echantiyon stratifye, sa vle di diferan echantiyon pou diferan group nan popilasyon an. Sèks ak laj gen dwa konsidere kòm de sougroup, si chèchè a bezwen enfòmasyon presi sou chak kategori sa yo. Men li souvan posib ke dekoupaj group sa yo fèt apre. N ap konsidere ke se yon echantiyonaj stratifye lè dekoupaj yo fèt avan ankèt la menmen. Echantiyon stratifye (kote dekoupaj group yo fèt anvan) sitou jistifye lè gen risk yon*

group nan popilasyon an ki enterese chèchè a ka pa reprezante sifizamman, an tèm de nonb eleman.

*Tay echantiyon*

*Ki kantite eleman yon echantiyon dwe genyen? Men yon kesyon ki souvan boulvèse lòlòj jèn chèchè yo. Echantiyon an dwe reproduwi divèsite ki gen nan popilasyon an. Kidonk, tay li se pa yon pousantaj, li fonde sou divèsite popilasyon an. Si m bezwen konnen ki pousantaj temwen Jeova ki pa kwè (atitid) nan transfizyon san, yon sèl temwen Jeova ase. Gen de konsèp ki ka gide nou nan jwen tay yon echantiyon, se homojeneite ak heterojeneite popilasyon an.*

*Omojeneite vle di resanblans, eterojeneite vle di disanblans. Gen malpalan k gen dwa di: te kwè se sa m ap chèche konnen nan ankèt mwen an. Si m te konn sa omojeneite / eterojeneite popilasyon m lan te ye, èske m ta bezwen mennen ankèt? Kesyo-nman sa a parèt fè sans. Men fò n sonje yon chèchè pa al mennen yon ankèt avid. Anvan l mennen ankèt la li gen yon konpreyansyon sansib de popilasyon an. Se s ak fè dayè gen preankèt. Si m pa gen yon konpreansyon sansib popilasyon an, mwen ka pa menm konn kijan pou m konstwi kategori repons mwen yo.*

*Tay echantiyon an depann de koup omojeneite / eterojeneite popilasyon an. Men koup sa a gen de (2) fas: li gen yon fas objektif, li gen yon fas sibjektif. Fas objektif la se divèsite ki nan popilasyon a, kouwè laj, relijyon, edikasyon, etc; fas sibjektif la gen pou wè ak sa chèchè a ap chèche konnen. Ann pran yon ekzanp pratik. Si m bezwen konnen ki pousantaj etidyan nan inivèsite deta k ap travay, mwen gen dwa fòmile kesyon m lan konsa: M ap travay----- Mwen p ap travay----- Pou m jwenn repons kesyon sa a, mwen pa bezwen yon echantiyon laj; mwen sispèk nenpòt swasant (60) etidyan ap pèmèt mwen genyen l, si m ranpli tout kondisyon pou m pwize echantiyon an. Men si lè m fin kon konbyen etidyan k ap travay, mwen vle konn tou nan ki sektè y ap travay (ansèyman, administrasyon piblik, bank, izin, etc), swasant moun nan echantiyon an p ap sifi. Lè m pa jwenn pèsonn k ap travay nan izin (pa nesesèman kòm ouvriye), èske m pwal konkli pa gen etidyan k ap travay nan izin? Non!*

*Tay yon echantiyon, se pa non plis yon pousantaj nan popilasyon an. Imajine ankèt y ap mennen Ozetazinin sou san milyon moun ak yon echantiyon de mil (2000) moun. Sa fè yon moun sou senkant mil moun. Lè n pran kat san (400) etidyan nan inivèsite deta sou chif (fiktif) nou te bay la, sa ban ou 1, 49%.*

#### *Echantiyon tipik*

*Gen de ankèt ki ka pa bezwen yon echantiyon probalis. Eske m bezwen yon echantiyon probabilis pou m konpare direktè Lise ak direktè lekòl kongreganis segondè? Sa depan. Si sa chèchè a vle konnen, se kijan chak kategori direktè sa yo ezèse otorite yo, li pa bezwen yon echantiyon probabilis. Ki rapò direktè ak anseyan, ak elèv, tout sa se kesyon ou chèchè ka reponn san l pa fè yon echantiyon probabilis.*

#### *Konklizyon*

*Teknik echantiyonaj yon chèchè itilize depann de objè d etid la. Lyen ant echantiyonaj ak objè d etid fondamantal. Se menm jan tou pou enstriman yon chèche itilize nan yon etid. Kilè pou l fè obsèvasyon, kilè pou l elabore ak administre kesyonè? Ki mezi dokimantasyon li bezwen?*

*Nou sòt wè plizyè teknik ansanb.*



## ANNÈKS 2: DEFINISYON MO KLÈ:

**Analiz (paj 64)** Etap nan rechèch pou egzaminen done ki te kolekte. Ki sans done yo genyen? Ki rapò yo genyen youn ak lòt? Pi espesifik, kijan relasyon ant done yo kapab pote repons pou kesyon rechèch la? Kijan yo anile oswa verifeye ipotèz la?

**Baz konparezon (paj 32)** Depi yon kesyon rechèch oswa yon ipotèz genyen ladann mo tankou *enpak, konsekans, efè, chanjman*, oswa *finalite* devan varyab endepandan an, mo sa yo egzije yon konparezon. Yon baz konparezon se yon seri done ki la deja pou chèchè a kapab konpare fenomenn nan, tankou yon popilasyon sib epi yon popilasyon ki pa benefisyè, oubyen yon kote anvan yon fenomenn rive epi annapre.

**Deskriptif (paj 32)** Yon rechèch kapab rete nan nivo *esplikasyon* pou konpreyansyon de baz yon fenomèn poukont li. Lè sa a, nou di se yon « Rechèch deskriptif. »

**Echantiyon (paj 36)** Yon echantiyon se yon pati de yon popilasyon ki pote mak fabrik ansanm popilasyon an. Gen twa etap nan seleksyon yon echantiyon:

Defini popilasyon an

Detèmine efektif li epi

Chwazi mòd seleksyon an.

**Echantiyon non pwobabilis (paj 76)** echantiyonnaj ki sanble l repodwi tout mak fabrik popilasyon an, men ki pa reprezante l ditou. Echantiyonnaj aksidantèl ak echantiyonnaj volontè bay aparans echantiyonnaj ki fèt o aza, alòske se pa sa.

**Echantiyon pwobabilis (paj 74)** Nan yon echantiyon pwobabilis, chak eleman nan popilasyon an dwe gen yon chans ke chèchè a konn davans pou l figire nan echantiyon an.

**Endikatè (paj 30)** Endikatè se siy prezans yon varyab. Se endikatè a ki pèmèt nou idantifye epi evalye varyab la. Yon endikatè (gen dwa) ka kantitatif oswa kalitatif.

**Entèvyou (paj 54)** Se yon metòd rechèch, ki mande pou poze moun kesyon. Nou di yon entèvyou ouvè (kalitatif), lè li pèmèt moun k ap reponn kesyon yo bay enfòmasyon ak

pawòl pa yo. Entèvyou a fèmen oswa (kantitatif) lè repondan an chwazi pami repons ki deja pare.

**Entèvyou fèmen (paj 57)** Moun plis rele metòd sa a yon “kesyonè” oswa yon “ankèt” poutèt se youn nan metòd ki pi rapid, pi dirèk, epi ki plis pare pou fè estatistik. Kidonk, se metòd sa a plis moun rekonèt epi chwazi pou fè rechèch.

**Entèvyou ouvè (paj 57)** Entèvyou ouvè pèmèt yon chèchè jwenn plis detay sou fenomèn l ap envestige a. Gen yon seri kesyon ki pa ka vrèman resevwa repons fèmen, tou jis pou montre rezilta an chif: kesyon sou pèsèpsyon popilasyon an, konesans oswa definisyon moun genyen, jan moun yo viv, kijan moun yo konstate yon fenomèn, e latriye.

**Frekans (paj 62)** Yon chif senp ki endike kantite yon grenn varyab poukont li. Pa egzanp, konbyen kan nan Pòtoprens ki gen dlo? Konbyen twalèt ki genyen?

**Gwoup kontwòl (paj 33)** Gwoup kontwòl se yon popilasyon yon fenomèn pa touche. Konsa nou kapab ekri yon seri endikatè pou n eseye izole enpak pwojè ONG a li menm.

**Ipotèz (paj 33)** Se yon repons pwovizwa yon kesyon rechèch.

**Kad rechèch (paj 7)** Se kad rechèch la kap ban nou yon plan pou n ka byen fè rechèch la, yon plan pou oryante nou sou kalite enfòmasyon nou bezwen. Kad rechèch la gen plizyè moso ladann l: Sijè rechèch la, Objektif rechèch la, Pwoblematik, Kesyon kle nan rechèch la, Ipotèz yo, Varyab yo, ak Endikatè yo.

**Kesyon rechèch (paj 18)** Yon kesyon rechèch se yon kesyon nou ta dwe reponn nan yon fason dirèk. Fòk kesyon rechèch la byen klè devan je tout moun kap li pwopozisyon rechèch la, byen detaye, li byen limite, epi fòk tout konsèp ki ladann yo byen defini. Fòk nou kapab idantifye tèm ki ladann ak kisa ki pa ladann. Bay yon definisyon egzak pou chak tèm pou kapab sèvi avè yo nan kad rechèch la, menmsi lòt moun gendwa wè menm konsèp la nan yon lòt fason.

**Korelasyon (paj 64)** Yon analiz kantitatif (chif) pou kwaze plizyè varyab, pou wè ki varyab ki enfliyanse lòt. Nan analiz estatistik nap chèche konnen si relasyon nou jwenn yo (oubyen korelasyon) yo « gen sans. »

**Metòd (paj 7)** Yon fason byen òganize, byen detèmine pou mennen investigasyon sou yon kesyon (fè rechèch). Metòd rechèch prensipal yo se rechèch dokimante (konsilte achiv) obsèvasyon, ak entèvyou.

**Metodoloji (paj 7)** Yon sistèm total ki oryante tout rechèch. Poukisa nap chache yon tip enfòmasyon, avèk yon kalte metòd, ki lyen dirèk ki genyen ant done nap rive jwenn ak kalte kesyon nap poze yo, elatriye.

**Objektif rechèch (paj 12)** Yon deskripsyon enpòtans rechèch la epi rezilta chèchè a vize nan fè rechèch la. Gen plizyè kalte objektif rechèch ki valab. Pa egzanp, èske objektif rechèch la se pou re-evalye yon kouran panse, oubyen pou montre aklè limit li? Èske se pou korije yon erè ki te fèt nan yon diskou? Èske se pou mete ajou / aktyalize yon etid ka ki vin twò ansyen apre yon pakèt chanjman nan sosyete a? Pou chache yon seri solisyon pou yon pwoblematik an patikilye?

**Obsèvasyon dirèk (paj 50)** Yon metòd rechèch ki baze sou prezans chèchè a sou teren, pou gade yon fenomèn nan yon fason byen òganize. Chèchè a ap vize kèk fenomèn l ap obsève sou tout kouti.

**Obsèvasyon patisipant (Paj 53)** Gen yon tradisyon nan antwopoloji depi lontan kote chèchè yo rantre nan yon kominote epi patisipe nan lavi kominote a. Konsa chèchè a kapab konprann abitud moun nan yon kominote, jan yo viv, pratik, rityèl ak eksperyans yo. Konsa tou, l ap konprann kwayans, konesans, pwovèb kilti a epi rive jwenn yon konpreyansyon de òganizasyon sosyete a.

**Operasyonnalize (paj 13)** Yon etap nan konsepsyon an kote nou defini epi byen ankadre chak grenn tèm – swa nan kesyon rechèch la, swa nan varyab yo ak endikatè yo.

**Pwoblematik (paj 13)** Nan yon pwopozisyon rechèch, li nesèsè pou ankadre yon pwoblematik. Yon pwoblematik se youn oubyen plizyè kesyon santral ke w poze ki rasin yon pwoblèm nou idantifye. Se nan pwoblematik la pou detaye kèsyonman, epi istwa yon disiplin. Yon pwoblematik dwe bay enfòmasyon sou kijan fenomèn nan parèt? Ki rasin li? Poukisa li enpòtan pou n etidye fenomèn sa a?

**Reyaktivite (paj 8)** Enfliyans chèchè a genyen sou rechèch la. Chèchè a genyen yon obligasyon pou bese reyaktivite li, menm si li pa posib pou l bloke l nè.

**Sentèz (paj 15)** Yon prezantasyon kout ki ranmase konesans aktyèl nan pwoblematik: Èske gen yon tèks ki sanble pi klè, pi santral, kote tout lòt chèchè site menm tèks la? Ki dènye tèks ki te ekri sou fenomèn nan? Èske gen yon nouvo seri reyalite? Rezime sak ladan tèks sa yo. Èske genyen yon deba ant patizan 2 kouran panse?

**Sijè rechèch (paj 10)** Sijè vle di kisa nap chèche konnen. Fòk sijè rechèch yo byen estriktire, epi fòk yo kapab bay oryantasyon nan rechèch yo. Yon sijè rechèch soti nan vant yon tèm rechèch, paske yon tèm konsène tout aspè yo tandike yon sijè konsène yon sèl ou byen plizyè aspè ki triye nan tout tankou pa egzanp, SIDA, kolera, MINUSTAH, 12 janvyè, oswa fenomèn ki rele “ONG” an Ayiti. Tèm sa yo twò laj pou fè yon etid sou tout aspè ki dwe ladan yo. Se poutèt sa a nap pran yon ti pati ladan yo li posib pou nou etidye.

**Varyab (paj 23)** Yon konsèp ki kapab gen plizyè repons, kategori, oswa valè. Li ka ni kalitatif ni kantitatif. Nan toude ka li pa nesèsè pou li parèt sou fòm chif ; men si ou vle, ou kapab fòmile kesyon pou jwenn chif.

**Varyab entèval (paj 24)** Varyab entèval la ofri plis posibilite ke varyab òdinal ou nominal. Varyab entèval pèmèt chèchè a mezire eka ant kategori varyab yo, yon jan pou l fè sans.

**Varyab kalitatif (paj 23)** Gen kèk varyab ki rete ouvè total kapital, tankou konsepsyon popilasyon an genyen sou tèl fenomèn, kwayans relijyèz, vizyon oubyen ideyoloji politik, konesans medikal, fòklò, pratik kotidyen, seremoni kiltirèl, epi yon bann lòt.

**Varyab òdinal (paj 23)** Yon varyab kote kategori yo gen yon diferans nivo ki pa mezirab avèk presizyon. Pèfòmans akademik ak prejije se de (2) ekzanp varyab òdinal. Gen moun ki gen yon pèfòmans akademik pi byen pase lòt, men chèchè a pa ka mezire ak presizyon eka ki ekziste ant kategori yo. Pa gen anyen ki di yon etidyan ki gen mwayèn katreven (80) de (2) fwa pi fò pase yon lòt ki gen mwayèn karant (40). Menm bagay pou prejije. Nou ka konnen yon gwoup gen plis prejije pase yon lòt, men nou pap ka mezire eka ant mwayèn prejije de (2) gwoup yo.



## **BIBLIYOGRAFI**

- ETIENNE Sauveur Pierre. Invasion des ONG, CRESFED, 1997; Élités politiques, État et rapports transnationaux de pouvoir en Haïti (1697-2004), juin 2005.
- FANON Frantz. Peau noire, masques blancs, 1952, rééd. Le Seuil, col. "Points", 2001
- FREIRE P. Education for Critical Consciousness, New York: Continuum, 2002. (1<sup>re</sup> édition en 1973)
- LOUIS-JUSTE Janil. Comprendre l'hégémonie de l'Internationale Communautaire en Haïti. 29 septembre 2003; L'Internationale Communautaire et l'État haïtien à travers le CCI: La Question Nationale. 8 septembre 2004.
- MARX Karl. Thèses sur Feuerbach (1845)
- MATHURIN Alliette ; MATHURIN Ernst ; ZAUGG Bernard ; Groupe de recherche et d'appui au milieu rural (GRAMIR; Implantation et impact des ONG (Haïti), Collection Recherches en développement, 1989.
- MILLS C. Wright. L'imagination sociologique, Trad. de l'Anglais, Ed. La Découverte, Paris, 2006, 230 p.
- MORISSEAU-LEROY Felix. Licencié en Droit en 1934, spécialisé en éducation à Colombia University, Creolophile.
- PRICE-MARS Jn. Ainsi parla l'oncle (essai d'ethnographie)<sup>2</sup>. Compiègne (France): Imprimerie de Compiègne, 1928 (Rééditions: Montréal: Leméac, 1973, 1979; Port-au-Prince: Imprimeur II, 1998; Montréal, 2009).
- ROUMAIN Jacques. Gouverneurs de la rosée, Port-au-Prince: Imprimerie de l'État, 1944; Montréal: Mémoire d'encrier, 2004
- TROUILLOT Michel Roph. Silencing the Past: Power and the Production of History (Faire taire le passé: Puissance et la production de l'histoire). Beacon Press 1995.

**BON TRAVAY!**